

*Maryaj Ak Divòs*

*65-0221M*

*Parkview Junior High School, Jeffersonville, Indiana,  
Etazini*

1 Ann bese tèt nou kounye a pou yon moman nan lapriyè. Papa ki fè anpil Gras, nou remèsyé Ou maten an pou privilèj sa a pou nou isit la nan oditoryòm sa a, anfas sa k pral pase pandan jounen an. Men nou pa konnen kisa jounen an kenbe, men nou konnen Kiyès ki kenbe jounen an. Kidonk, nou priye pou Sila a ki kenbe jodi a ak demen an, ak tout Letènité a, beni nou jodi a pandan nou reyini ansanm nan Non li, pou nou ka konnen pi byen kijan pou nou viv pou sèvi Li. Sa a se tout entansyon nou an, Papa. Bondye, Ki konnen kè nou, konnen sa a se vre. Nou remèt tèt nou nan men W, avèk—avèk rès pati nan jounen an ki gen pou vini an, pou sèvis Ou, nan Non Jezikri. Amèn.

2 Nou mèt chita. (Mèsi. Men yon lòt isi a la.)

3 Bonjou, oditwa vizib ak oditwa envizib tou avèk ki nou branche atravè peyi a maten an. Sa ban m yon gran privilèj pou m vin isit la epi pou m pale maten an sou sijè enpòtan sa a. Pou oditwa vizib la, se vre gen yon ti kras konfizyon, paske sa ki gen devan m lan se jis rido yo, alò mwen dwe pale sou bò dwat la ak sou bò gòch la. E pou oditwa envizib la, mwen gen oditoryòm nan adwat mwen, epi tou jimnaz la sou bò gòch mwen; epi mwen sou platfòm lan, ak rido yo louvri nan mitan, ki fè men dwat ak men gòch mwen. E nou debòde, maten an, nan oditoryòm lan, jimnaz la tou, epi tou legliz la, legliz la laba a ki sou Uityèm Ri ak Ri Penn. E nan kote ki debòde yo, sistèm telefòn lan branche nou ak lòt kote yo.

4 Nou te pase yon gran moman nan Seyè a, e n ap tann anpil bagay pou sèvis sa a maten an. E kounye a aswè a se lafen kat jou kanpay sa yo, ebyen, sètènman nou envite tout moun

ki kapab, pou yo isit la. Nou gen konfyans ke Seyè a pral ban nou yon pi gwo pwen aswè a lè Li va fè yon bagay ekstrèmman ekstraòdinè, konsa Li ta geri tout malad yo epi fè gwo bagay ke Li konn fè yo. E nou anba gwo atant pou aswè a. Piblik la kòdyalman envite, tout moun, chak legliz nan chak denominasyon. Ou pa menm bezwen yon Kretyen; nou sètènman ap rele pechè yo pou yo antre, chita nan mitan nou. Epi nou fè tout sa nou kapab pou nou anseye yo kisa chemen Seyè a ye, pou nou ka viv.

5 Bon mwen espere ke oditwa a p ap nève. E mwen fè Bondye konfyans ke mwen p ap nève, paske mwen te pase yon nwit terib, sou anpil tansyon. Paske mwen reyalize ke bagay mwen di maten an pral kanpe kont mwen nan Jou Jijman an, epi mwen—mwen pat kapab dòmi, epi mwen konnen si mwen pa di yo, sa pral kanpe kont mwen nan Jou Jijman an. Kifè sa fè li difisil, ou pa ka eksplike sa.

6 E kounyeya maten an se gran sijè sa nou dwe egzamine a: *Maryaj Ak Divòs*. E rezon ki fè mwen te fè li yon lekòl Dimanch, se pou nou te kapab pale sou li epi pran tan nou, olye pou m preche yon sèmon sou li. Se yon ansèyman ki soti nan Lekriti.

7 E mwen—mwen vle di ke, si yon minis oswa plizyè minis, nenpòt ki kote, ta gen bann sa a ki ta tonbe nan men yo, si nou kite bann sa a soti...Mwen pa konnen kisa legliz la pral fè sou sa. M ap mande Frè Fred pou I al wè konsèy legliz la anvan li lese bann sa soti. E pou nou menm moun ki toupatou nan peyi a, ki gen aparèy pou anrejistre bann, tanpri pa kite bann lan soti amwen ke nou tandé sa frè Sothmann di sou sa.

8 Bon, e si yo kite I soti, epi nenpòt nan frè minis mwen yo, oswa yon Kretyen nenpòt kote, ki pa ta dakò sou bagay m ap di sou sijè sa a, mwen—mwen gen konfyans ou p ap kritike Li. Si ou pa konprann Li jan mwen anseye Li a, ebyen, ou gen dwa pou sa, kòm yon minis, kòm yon bèje. E mwen respekte tout sa ou kwè.

9 E gen de gran lekòl sou sijè sa. E si gen de kouran lide, gen swa youn nan yo ki gen rezon, oswa youn nan yo pa gen rezon. Kifè nou pral eseye gade nan Pawòl Bondye a, maten an, pou regle sa a. Dapre mwen, si se yon kesyon ki gen rapò ak Bib la, se sèten Bib la gen repons pou li.

10 Epi kounyeya, jis anvan nou genyen bagay sa yo, kòmanse sijè sa a, pito, anvan m priye sou Pawòl la, mwen vle di nou chak, ke mwen...nou menm Kretyen espesyalman, ke mwen dezire... mwen—mwen vle nou priye pou mwen maten an. E tout moun ki nan oditwa envizib la k ap koute maten an, priye pou mwen, paske mwen vle onèt epi di laverite.

11 Kounye a nou konsyan, lè nou fè deklarasyon sa yo, yon moun, menm si se yon sèl moun, pral kenbe Li tankou Se te yon kesyon ant lavi ou lanmò. Gen anpil nan nou isit la ki pral pati epi ki va kwè. Natirèlman, anpil nan nou, petèt, p ap kwè. Men, mwen konnen, nan ministè mwen an, gen moun ki vin koute m, e ki koute sa m gen pou m di; genyen pamì yo, ebyen, yo chita isit la maten an, yo soti nan anpil peyi, yo soti anpil kote nan Etazini, Kanada, ak lòt bò lanmè. E ou ka imajine tansyon sa a mete sou ou, pou w konnen ke destinasyon Etènèl nonm sa a repoze nan men ou, paske li pral kenbe sa ou di a. Kidonk, Bondye ta fè m reponn pou sa, e mwen vle apwoche sa a ak tout senserite ke m kapab.

12 Kounye a mwen—mwen mande sè nou yo. E mwen chanje kèk nan pawòl mwen te genyen yo pou m ka pale devan yo. Billy gen nan pòch li, maten an, la, kèk bagay ki pa t kapab di devan yon—yon oditwa melanje. E kèk bagay ke mwen pwobableman pral di, nou dwe konprann. Pran li kòm li soti kot—kot frè nou an, dapre sa m konnen ki pi byen. Ou ta ka chita nan biwo yon doktè epi koute I, li ta dwe di w mo trè klè. Epi kèk nan nou jèn dam ak jèn gason, mwen pa vle nou gen move enpresyon. Mwen vle nou kwè, epi jis chita toujou. Sonje byen, Laverite dwe deklare kòm Laverite.

13 E, kounyey a, pa gen dout ke pral gen anpil nan nou ki pa dakò ak sa ki pral di a, men mwen vle pwouve nou sa nan Bib la. Epi answit mwen kwè, si ou jis gen reverans epi koute, alò ou va gen yon pi bon konpreyansyon ak konsepsyón sou sa m ap frape a, depi tout tan. Mwen kwè ke sa a pral eksplike li, e mwen gen konfyans ke li pral fèt.

14 Bon nou ka on ti jan pi long, inèdtan edmi, oswa petèt plis, sou sa a. Mwen pa konnen konbyen tan sa pral pran.

15 Epi kounyeya ankò, mwen ta renmen di ke, nan tan sa a, ke, paske m konnen ke moun yo kenbe pawòl ou yo; yo fè sa, bay pastè yo. E, natirèlman, mwen te yon pastè.

16 Epi yo kenbe pawòl yon pastè, menm jan sa te ye yon kesyon ant lavi ou lanmò. Yo kenbe pawòl prèt yo a, menm jan se te yon kesyon ant lavi ou lanmò. Epi natirèlman, pastè a, petèt ak tout sa li konnen ki jan pou fè, I ap anseye pèp li a egzakteman menm jan yo te anseye I nan seminè a; pa gen dout se men jan an pou prèt la, tou, nan diferan reliyion ki gen prèt. Natirèlman, pastè a vrèman se yon prèt; se yon entèsesè. Kifè, si prèt la, nan tout sa yo te anseye li, nan seminè a ak monastè yo, nomm lan ak yon pwofon senserite ap di jis egzakteman sa yo te anseye li.

17 Ebyen, alò, mwen pa gen okenn eksperyans nan seminè oswa nan monastè, e m pa gen anyen kont sa ditou, men mwen gen yon lavi ki trè espesyal.

18 Mwen te gen yon apèl lè m te yon ti gason. E la m te resevwa yon siy vizib, ke m te tande, yon—yon Kolòn Dife ki te pandye nan yon ti touf bwa, lè m te gen sèt lane, jis isit la sou Utica Pike. Papa m t ap travay pou Mesye O.H. Wathen ki fèk mouri. E nou te li liv la, nou konnen istwa a. Epi depi lè sa a...Laba nan rivyè a lè sa a, Li te parèt vizib devan moun yo. Epi kounyeya, yo te pran foto a, anpil fwa, epi li pandye nan Washington, DC, ak yon dwadotè, nan Sal Relijye Atizay yo, kòm sèl Èt Sinatirèl ki te janm pwouve syantifikman ke yo te pran foto L; menm Kolòn Dife, egzakteman nan menm aparans ak tout fason, ki te fè pèp Izrayèl la soti kite peyi Lejip. Mwen kwè Se Jezikri sou fòm Lespri, nan fonksyon Ptit Bondye Li.

19 Paske, Li te rele "Fis de lòm" lè L te vini an premye an, kounye a yo rele I "Fis de Dye," nan Milenyòm lan, Li pral "Fis de David." Li vini, kòm Fis de Lòm, yon Pwofèt, jan yo te pale de Li a; kounye a Li se Fis de Dye, nan sinatirèl la; nan gran Milenyòm lan ki gen pou vini an, li pral Fis de David, ki pral chita sou twòn David la. Kòm tout lektè Bib la konnen ke sa a se yon pwomès Diven Bondye, anvè David, ke Li ta leve Ptit Gason I lan mete L sou twòn li a.

20 E kounyeya, poutèt yon ministè etranj, patikilye yo te rele m tout bagay, depi "Bondye" rive nan "yon demon". Epi sa, jis se konsa li toujou ye.

21 Se saachevèk legliz Katolik sa a te di m lòt jou swa la a, diskisyon an se te, ke li te di: "Frè Branham, Jan Batis te klèman idantifye tèt li nan Lèzekriti, jan pwofèt Ezayi te di a." Li te di: "Ministè w la klèman idantifye nan Legliz la." Li te di: "Literyen yo nan Bib la." Li te di: "Literyen

yo te konnen Luther. Wesleyen yo konnen Wesley. Men, ki sa ki sou Pannkotis yo?" Li di: "Y ap pwonmennen. Yo pa konnen ki kote pou yo ale."

Epi mwen di : "Mesye, mwen apresye sa."

22 Epi se lè sa Lespri a te desann sou dam lan, li pa t janm wè m, madanm li... e li te pale e li te idantifye menm bagay yo.

23 Kounye a, pou m onèt, anvan Mesaj sa a m ap pale maten an, mwen pa konnen. Mwen te di I, mwen di: "Mesye, mwen pa t kapab di sa. Sa se yon gwo gwo bagay pou di. Li sanble ak li."

24 Yon bagay ke mwen konnen, ke gen yon bagay ki te pase, definitivman. Tout bagay sa yo, jis, li syantifikman pwouve, epi pwouve alantou epi atravè mond lan, li pa kapab jis yon mit. Se Laverite. Kisa li ye? Kite m di, tankou yon konfesyon, anvan mwen pale ak nou maten an, mwen pa konnen. E mwen pa t ap oze fè okenn mouvman jiskaske mwen tande de Sila a ki te pale avè m nan tan pase a e ki di m bagay sa yo.

25 Sonje byen, Seyè Jezikri nou an, pa t janm idantifye Tèt Li kòm Fis de Dye. Li di: "Nou te di se sa Mwen te ye; se pou sa Mwen te fèt," ak lòt bagay, men Li pat janm idantifye Tèt Li.

26 Epi kounyeya, se te Kolòn Dife ki te dirije pitit Izrayèl yo, se te Seyè Jezikri nan fòm Lespri, (nou kwè sa?), Logos lan ki te soti nan Bondye.

27 Epi lè L te sou tè a, Li te di: "Mwen soti nan Bondye, e mwen prale jwenn Bondye." Nou tout konnen sa.

28 Epi apre lanmò Li, ansevelisman Li, ak rezirèksyon Li: Sòl, moun Tas la, te sou wout li t ap desann Damas pou l pèsekite Kretyen yo—yo, paske yo t ap anseye bagay ki kontrè ak sa yo te anseye yo. E li te yon gwo vanyan sòlda; anba Gamalyèl, youn nan pwofesè eksepsyònèl nan epòk la, nan lekòl yo, monastè yo; ak yon gran gason, ak yon ofisye nan legliz la. Epi se trouve ke te gen yon gwo Limyè, Kolòn Dife a ankò, te frape I, nan mitan jounen an. Epi yon vwa di: "Sòl, Sòl, poukisa w ap pèsekite M?"

29 Kounye a si w remake lè Pòl, Sòl te leve, li di: "Seyè, Kiyès ou ye?" Bon, gason sa a, se yon Jwif, li sètènman pa t ap rele anyen, sof si se te yon bagay ki senbolize Bondye, li pa t ap rele I "Seyè". Kidonk, Se te menm Kolòn Dife a.

30 Jan Jezi te di: "Mwen pral jwenn Bondye. Mwen soti nan Bondye, epi Mwen tounen vin jwenn Bondye."

31 Li te la ankò, Li te tounen nan fòm Kolòn Dife a ankò; Li te di: "Mwen se Jezi ke w ap pèsekite a; epi li difisil pou ou pou w reziste kont pikay yo.

32 Epi nou reyalize ke lè Apot Pyè, ki moun yo te bay kle yo pou bati Legliz la, nou dekouvrir ke li te nan prizon, epi menm Kolòn Dife sa a te antre nan travès yo, li te louvri pòt prizon an, epi li te fè Pyè soti, yon fason misterye, san li pa menm deranje gadyen an. Pou mwen, Se Jezikri menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan.

33 E alò w ap toujou konnen nenpòt bagay dapre nati li. Nenpòt bagay konnen pa nati li, fwi li pote. E mwen mande w pou w gade kalite fwi Li bay, Limyè sa a ki se Bondye, paske Li toujou retounen nan Pawòl Bondye a, Li pwouve Pawòl Bondye a, Li preche Pawòl Bondye a, epi Bondye pwouve Pawòl sa a materyèlman konsa. devan ou. Dwe gen yon bagay dèyè Li.

34 Moun yo rele m yon pwofèt. Mwen pa rele tèt mwen pwofèt, paske mwen pa t ap oze di sa, men mwen gen... Di, mwen kapab di sa, ke Seyè a kite m prevwa bagay sa yo, di bagay ki te rive, ki pral rive, k ap rive, epi pa gen yon sèl fwa li te janm echwe, nan dè dizèn de milye de fwa yo. Tout sa li te di ki ta rive, rive. Nou tout konnen sa. Si gen yon moun nan oditwa vizib sa a maten an, oswa nenpòt kote, ki ka di yon fwa li te echwe, ou gen libète kanpe epi di sa. Men si tout moun konnen ke chak fwa, nan plizyè milye de fwa yo, li te pafètman jis, di, "amèn." [Kongregasyon an di: "Amèn!" — Editè a.] Ou wè? Kifè, se ta menm bagay la atravè mond lan.

35 Gen yon bagay ki pral rive. Bondye pa janm voye bagay sa yo san yo pa gen yon objektif dèyè li.

36 Mwen te jis ap reflechi isit la. Mwen te mete l isit la, youn nan nòt mwen yo. Ke mwen pote maten an, yon pè bouton pwayè...E anpil nan nou te tande pale de vedèt sinema sa a, Jane Russell, e manman l se yon Pannkotis; epi Danny Henry se kouzen li, kouzen premye degre li, ptit sè manman l. Li te Batis. Li te kanpe nan reyinyon an, yon reyinyon Òmdafè nan Los Angeles, Kalifòni, de zan de sa.

37 Epi m te fèk fin pale de yon gwo deklarasyon ki pwisan, ki gen fòs, ke menm siveyan an, youn nan siveyan jeneral Asanble de Dye yo, te desann sou estrad la soti nan balkon kote l te chita a, epi li te desann. di: "Mwen pa kwè ke Frè Branham te vle di sa."

38 Mwen di: "Mwen dwe vle di sa, mesye. Se ENSI DI SEYÈ." Epi, lè sa a, se te sou legliz la nan laj sa a.

39 Epi apeprè nan moman sa a, jèn gason sa a ki se yon biznisman...Frè l la...li te la ap pran foto pou televizyon maten sa a, lòt frè li se—se yon sipèvizè wout eta Kalifòni. Epi Danny Henry te avanse vin devan apre reyinyon an te fèmen, sou platfòm la, konsa, kote mesye yo tout te chita, te desann pou l mete bra l alantou mwen. Epi li te di pawòl sa yo: "Frè Branham, mwen espere ke sa a pa parèt sakrilèj, men," li te di, "sa ta ka vin 23zyèm chapit Apokalips la." Ki, gen sèlman vennde chapit nan Apokalips. Li te di: "Mwen espere ke sa a pa parèt sakrilèj." Apèn li te fin di sa...Bon, ti gason an te yon Batis, e li pa t konnen anyen sou zafè Sinatirèl. Ak bra l ki te antoure m, li te kòmanse pale nan yon lang enkoni.

40 Epi lè li te fin pale nan yon lang enkoni, te gen yon—yon fanm byen gwo, nwa ki te chita drèt devan m, li leve, li di: "Sa pa bezwen okenn entèpretasyon." Li te di: "Mwen soti Shreveport, Louisiana, oswa, Baton Rouge, Louisiana." Li te di: "Sa se Franse klèman."

41 Victor Le Doux, ki te yon Fransè, ki te kanpe la tou, te di: "Sètènman, mwen se yon Fransè, e sa se te Franse pafètman."

42 Mwen di: "Tann yon minit. *Oumenm* ekri sa li te di, epi *oumenm* ekri sa li te di, anvan ou di anyen. Ekri sa w di a, epi ann wè nòt ou yo." Se konsa, youn te ekri, epi lòt la te ekri, menm ponktiyasyon an se te menm bagay.

43 Apre sa, jis nan epòk sa a, lè yo te pote nòt yo, yon bèle jèn gason ak tèt blon te vini soti dèyè a. Kote, pa t gen ase plas pou l te chita; li te kanpe dèyè a. Li te vini, li di: "Jis yon minit, mwen ta renmen mete yon nòt tou." Li te di: "Mwen se entèprèt franse pou N.I., Nasyonzini." Li te di: "Mwen ta renmen kite nòt pa m lan."

44 Epi, la, tout twa nòt yo te egzakteman menm bagay, an Franse. E men sa k te di ladan I. Sa a se nòt orijinal yo te pran yo, nòt yo te pran imedyatman. Sa a se nòt Danny, li menm, li te mete nan pòch li. Natirèlman, yo te pibliye l kay Òmdafè Kretyen yo, elatriye.

*Paske ou chwazi chemen etwat la, chemen ki pi difisil la; ou fè pwòp chwa w pou mache ladan I.*

*Ou pran desizyon ki kòrèk epi ki egzak la, epi se Chemen pa M.*

*Akoz desizyon enpòtan sa a, yon gwo pati nan Syèl la ap tann ou.*

*Ala yon bèle desizyon ou pran!*

*Sa a nan limenm se li ki pral bay epi fè akonpli viktwa fòmidab la nan lanmou Diven..*

45 Bon, mesye a te siyen non l isit la. "Deklarasyon ki pi wo a te entèprete pa... Danny Henry t ap pwofetize sou Frè Branham, twa temwen te bay nan kafetarya a nan Los Angeles, Kalifòni."

46 Kounye a, menm jèn gason sa a ki te bay pwofesi sa a, li pa t konnen sa l t ap di a, li te nan Jerizalèm sa gen anviwon yon mwa. Li te gen privilèj pou l te soti epi—epi li te lonje kò l nan kavo kote Jezi te mouri epi yo te antere l la. E konsa, pandan li te lonje kò l la, li di mwen te vin nan panse l byen fò epi li te kòmanse kriye. Li di nan tèt li: "Ki jan sa te tèlman difisil pou Frè Branham kanpe kont monn lan ak bagay sa yo, ak tout legliz yo!"

47 Menm jan sa—sa te di yon fwa, de yon moun, ki bò kote Billy Graham, yo te di: "Nou ka wè Billy Graham, paske tout legliz yo ini ansanm pou li. Nou wè Oral Roberts, Pannkotis yo. Men, ki jan nou ka janm gen yon bagay, alòske sa a kontrè ak sa yo te anseye moun yo?" Se Bondye.

48 Epi, Danny, sa li fè kòm plezi, se taye ti wòch. Li t ale kote yo te mete Lakwa a, kote yo te di Lakwa a te mete nan wòch la. Pat gen moun ki te alantou, konsa li kase yon ti moso wòch epi li mete l nan pòch li kòm souvni, li tounen lakay li epi li fè pou mwen yon pè bouton pwayè avè l. Epi, sa ki etranj, lè li te fè yo, yo te sanble yo te gen tach san. Epi drèt nan mitan yo chak, gen yon chemen dwat, etwat ki travèse toulede, soti nan yon bout rive nan yon lòt. Bon, sa ta ka jis yon...Ou wè, yon lòt moun ka pa remake l, men pou mwen se yon konpliman pou bagay mwen kwè yo. Mwen kwè ke tout bagay gen yon siyifikasyon nan li.

49 E kounyeya, nan tan sa a, kèlkeswa sa Seyè a genyen...Si se pa bagay Li te pwofetize nan Malachi 4 epitou Lik 17, ak anpil lòt Ekriti ki gen pou rive nan dènye jou sa a, pèmèt mwen di sa a pou fini, sa poze fondasyon pou nonm sa lè li va vini. Kidonk, mwen trè rekonesan dèske Bondye Toupwisan an, si se konsa, te kite m fè yon ti bagay, nan kondisyon mwen pa enstwi a, pou montre apresyasyon mwen pou lanmou Li pou mwen, lanmou mwen pou Li, ak lanmou nou anvè moun yo.

50 Se poutèt sa, avèk senserite, mwen apwoche sijè sa a *Maryaj Ak Divòs*. Ke Bondye gen pitye pou nou tout.

51 E kounyeya, koute byen. Epi, sè m yo, pa leve epi soti; chita toujou yon ti moman. Frè m yo, fè menm jan an tou. Pa fèmen pòs nou yo, nou menm ki branche sou liy lan avèk nou. Pa fè sa. Jis chita toujou pou kèk minit, jiskaske li fini. Koute byen. Si w pa dakò, ekri Ekriti mwen itilize yo, epi etidye yo nan lapriyè anvan w pran desizyon w.

Bondye, ede nou pandan n ap eseye apwoche sijè sa a.

52 Bon, sa ka on ti jan long. Mwen pa vle nou prese. E jis pran tan nou, nou tout, epi etidye Pawòl Bondye a, tout bon epi antyèman, jan nou konnen kijan pou nou etidye Li.

53 Ann kòmanse ak Sen Matye, chapit 19 la. Epi kòmanse, mwen panse, ak vèsè 8 nan chapit 19 la, mwen vle kòmanse. Mwen ta ka kòmanse tou ak vèsè 1 an, epi li desann jouk nan vèsè 8 chapit 19 la.

54 Kounye a, sonje, bagay sa yo m di yo dwe soti nan Pawòl Bondye a. Li pa kapab pwòp opinyon mwen, paske opinyon mwen se jis tankou nenpòt lòt moun. Men li dwe nan kontinwite ak Pawòl Bondye a. Sonje byen, Bondye kenbe tout bagay an kontinwite. Li pa janm chanje. Li se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan. Ou kwè sa?

Li se menm lan.

55 Kounye a, m ap li nan chapit 19 la.

*Epi, se te konsa, lè Jezi fin di pawòl sa yo, li kite Galile, li rive nan zòn Jide lòt bò larivyè Joudan.*

*Yon gwo foul moun t ap swiv li; epi li geri yo...*

*Farizyen yo tou pwoche bò kote I, yo tante I,...*

56 Mwen pran yon poz la pou nou ka mete aksan sou ki moun ki t ap tante L la.

*... li di li: Èske li selon lalwa pou yon nonm kite madanm li nenpòt rezon?*

*Li reponn yo: Eske nou pa li sa ki te fè yo okòmansman te fè yo gason ak fi?*

*Epi li di: Se poutèt sa, yon nonm ap kite papa...manman, I ap rete kole ak madanm li, epi yo de pral fè yon sèl chè?*

*Se poutèt sa yo pa de ankò, men se yon sèl chè. Se poutèt sa, sa Bondye mete ansanm, pa kite moun separe.*

*Yo di li: Poukisa Moyiz te bay lòd pou yo bay fanm lan yon lèt divòs, epi pou yo te repidyé I?*

*Epi li di yo: Akoz kè nou di, Moyiz te pèmèt nou ranvwaye madanm nou, men depi nan konmansman, se pa t konsa.*

Kounye a, Bondye, ede nou.

57 Ekriti sa a, kesyon sa a, Jezi te rankontre I nan kòmansman ministè li a. Epi Moyiz te rankontre I nan kòmansman ministè li a. Se yon kesyon ki pi enpòtan nan kè kwayan yo.

Pechè a pa bay li enpòtans. Men, se pou kwayan yo, paske kwayan an ap eseye fè tout sa li konnen kijan pou li viv dwat devan Bondye. Se poutèt sa, kèlkeswa kesyon ki vini sou reliyon, answit, ka Maryaj ak divòs la vini. Poukisa? Paske se kòz peche orijinal la. Se kote peche te kòmanse. Epi se rezon ki fè li te prezante chak fwa, paske se kòmansman peche a.

58 Kounye a, mwen p ap gen tan pou m eksplike tout bagay sa yo, men m ap kontan reponn lèt ou oswa nenpòt sa mwen kapab. Oswa, nou te gen liv yo ekri sou li, ak anpil kesyon, e menm dekoupe mòso jounal ak bagay sa yo isit la, pou pwouve sa, nou konnen ke se te Èv (Ponm lan ke li te swadizan manje, alòs ke li pa menm soti nan Ekriti yo, kounye a yo deklare li te yon abriko; se pa ni youn ni lòt.), li te komèt adiltè, ki te anjandre premye pitit la, ki te Kayen, pwòp pitit gason Satan, paske malen an te abite nan li. Li pa t vini atravè Abèl. Pitit gason Satan an se te Kayen.

59 Kounye a, mwen konnen kesyon w lan: “Èv te di: ‘Mwen te resevwa yon nomm nan men Seyè a.’” Se egzakteman sa.

60 Ou ta ka pran fi ki pi mal nan vil la, pi move gason an; si yo te gen yon ti bebe, li t ap oblige soti nan Seyè a, paske Bondye gen lwa mete ansann. Epi lwa sa yo, tankou solèy la dwe leve; ou mete yon pye chadon nan yon bon jaden, li pral grandi. Epi li dwe grandi, paske se lalwa Bondye. Lè yon semans plante, li dwe grandi. E anyen pa ka pote lavi sof Bondye, paske li opere anba lwa Li yo. Se poutèt sa lè move semans lan te plante nan vant Ev, li te oblige anjandre, paske se lwa pwodiksyon Bondye a. Epi li pa t kapab fè anyen dot ke pote I, epi li te dwe soti nan Bondye.

61 Se rezon ki fè moun konn di, “Ti bebe,” pafwa, “ki pa gen paran kretyen, yo pèdi.”

62 San Jezikri a ekspye timoun nan, mwen pa bay enpòtans a konbyen li te fèt ni ki mal li te fèt. Li se Anyo Bondye a ki wete peche mond lan. Timoun nan pa ka repanti, paske li pa gen pou repanti de anyen, e se te peche mond lan ke San Kris te efase. Tibebe yo ale nan syèl.

63 Se peche orijinal, e se rezon ki fè li—li kesyone. Lè nenpòt gwo fenomèn soti nan Bondye, sou premye devire: “Kanètil de maryaj ak divòs?” Kounye a, tankou lontan, li toujou rete yon kesyon pamí moun yo. Menm jan sa te ye nan tan Jezi a, menm jan sa te ye nan epòk Moyiz la, se toujou yon kesyon, epi li jis jodi a, paske moun yo vle konnen ki sa ki Laverite.

64 Men kote gen yon kesyon, dwe gen yon repons. Epi kounye a antanke repons, jan mwen te di anvan, semèn sa a, dwe genyen yon repons kòrèk. Men, si nou jwenn yon repons pou nenpòt ki bagay, epi li-li pa dwat, alò nou konnen li mal. Men genyen, ou pral kontinye mande jiskaske vre kesyon jwenn reponns, si ou vle konnen Laverite. E kòm se yon kesyon nan Bib la, li ta dwe yon repons Bib la.

65 Se tankou mwen te di, si mwen te vle ale nan lès maten an, nan meyè fason mwen konnen, mwen te dwe jwenn yon sèten bagay sou tèren an, epi li te dirèkteman nan lès, donk mwen te ale nan lès. Yon moun te di: "Frè Branham, sa a se lès." Li se lès, potansyèlman, men li se nòdès. Mwen ta p pase sou objè mwen t ap chèche a; Mwen ta p tounen, sachan ke li te nan erè. Answit, si yon moun te di: "Frè Branham, ale nan direksyon sa a, sou bò dwat ou." Kounye a, sa se potansyèlman lès, tou, men li se sidès. Mwen ta p pèdi objè ke mwen t ap chèche a, paske mwen te ale pi lwen pase limit direksyon pafè ak dirèk la.

66 Kounye a, si se konsa, nou gen de lekòl panse sou Maryaj Ak Divòs. Epi sa vle di, youn nan yo di, ke, "Yon gason ka marye sèlman yon fwa, sof si madanm li mouri." Epi sa se youn nan kesyon yo, men, si ou swiv sa, w ap rive twò lwen. Apre sa, lòt la di, "O, si madanm nan oswa mari a, youn ou lòt, te komèt adiltè , youn nan yo de ya ka mete a kote epi marye ankò." Ou retrouve tèt ou twò lwen avèk sa.

67 Donk, ou wè, li pa ni sidès ni nòdès; nou vle dirèkteman lès. Ou soti kite Ekriti a lè ou ale nan *direksyon* sa a, ou soti kite Ekriti a lè w ale nan direksyon sa a. Nou vle konnen ki kote ekriti a satisfè Ekriti a, epi konnen kisa kisa nan li ki Laverite. Chak pran yon direksyon diferan, epi yo pa pote repons ki kòrèk la, malgre tou dwe gen yon repons.

68 Se jis tankou, jodi a, gen de gwo lekòl doktrin nan legliz; youn nan yo se kalvinis, lòt la se Armin-... Arminyanis. Youn nan yo se legalis, lòt la se lagras. E nou jwenn ke moun ki kwè nan lagras, kalvinis yo, yo di: "Bondye beni, sa pa fè m mal si m fimen. Li pa fè m mal pou m bwè. Mwen ka fè bagay sa yo, mwen gen sekirite Etènèl." Answit, nou jwenn lòt bò a, bò legalis la, te di, "O, mwen ta renmen rele sou li, mwen ta renmen di I fason mwen panse, men, mwen se yon kretyen, mwen dwe rete kalm." Ou wè, ou retrouve w sou de wout diferan, epi ni youn ni lòt pa gen rezon. Kounye a, sa difisil pou di sa, men se Laverite.

69 Nou retrouve nou sou de wout diferan; youn, prale nan yon chemen; youn, nan yon lòt. Kounye a, ann wè kisa ki Laverite.

70 Kounye a, koute, epi gade si sa parèt konpreyansib pou ou. Pa egzanp, si mwen pare pou m ale lòt bò dlo, epi mwen pral pran pwòp fanmi mwen, mwen pral rele madanm mwen vin jwenn mwen, epi mwen pral di, "Nou ale... Mwen pral lòt bò dlo, cheri." Kounye a isit la se bò legalis la, "Kounye a, madanm mwen, mwen pral depoze lalwa pou ou! Si ou koze ak nenpòt moun pandan mwen ale, lè mwen tounen ou se yon fanm divòse. Apre sa, mwen pa vle ou fè je dou, pa vle ou koze! Ou konprann sa? Mwen se mari ou! Si ou fè sa, mwen pral abandone w lè m tounen."

71 Apre sa, li pwoche, li pran m nan kravat, epi li di: "Bon gason mwen an, Mwen vle di ou yon bagay, wè, wè, ke si ou fè je dou ak nenpòt fi, oswa soti ak nenpòt ki fi, oswa koze ak nenpòt fi, ou pral yon nom divòse lè w retounen." Kounye a, èske sa ta pral yon fwaye ki jwaye? Sa se legalis yo. Trè byen.

72 Kounye a, lòt bò a se, se si mwen ale lòt bò dlo epi mwen fè yon erè... Ale epi di, "Kounye a, ou wè, mwen pral soti ak fi sa. O, se kòrèk ak madanm mwen, li pa bay sa enpòtans." Madanm mwen di, "Mwen pral soti ak nom sa a. Se tout kòrèk ak Bill, li pa bay sa enpòtans." Si mwen pa bay sa enpòtans, alò, gen yon bagay ki pa mache avè m; Mwen pa byen renmen fi sa a. E si li pa bay sa enpòtans, gen yon bagay ki mache ak li. Li se madanm mwen; Mwen pa vle lòt gason ap amize avè I. Li se madanm mwen.

73 Kounye a, fason kòrèk la, se, gen yo tou de gen yon verite, men se pa Verite egzak la.

74 Kounye a, lè m ale lòt bò dlo, pou m fè sa byen, ti fanmi m rasanble alantou, epi nou priye youn ak lòt. E mwen renmèt yo bay Bondye, epi yo renmèt mwen bay Bondye. Epi lè nou fè sa, nou ale lòt bò dlo... Mwen ale

lòt bò dlo. Kounye a, mwen konnen li renmen m; Mwen gen konfyans nan li. L...e mwen renmen li; li gen konfyans nan mwen. Osi lontan ke mwen renmen li konsa, li pa gen pou enkyete l dèské m ta soti ak yon lòt fi. Osi lontan ke li byen renmen m, poukisa, pa gen okenn bezwen pou m panse sou okenn lòt gason ki pral soti avè I, paske li se madanm mwen e mwen kwè li.

75 Mwen kwè, si mwen ta aktyèlman fè yon bagay ki mal, fè yon erè epi soti ak yon fi, epi retounen epi ta konfese sa ba li, epi di li, "Meda, mwen pa t vle fè sa. Mwen fèk kenbe nan yon pyèj; fanm sa a jis kouri vin jwenn mwen epi—epi li pran bra mwen, epi li te kòmanse *tèl-ak-tèl bagay*," Mwen kwè li ta p konpreyansif. Mwen kwè li ta padone m pou sa. Men, mwen pa t ap fè li, pou anyen, paske mwen renmen li. Menm si li ta padonnen m, mwen pa t ap fè li. Mwen pa t ap fè li mal, pou anyen. Kwake mwen konnen li t ap padone m pou sa, mwen pa vle fè li mal.

76 Epi se konsa sa ye ak Bondye. Si mwen...si yon lanmou *phileo*, ki se lanmou imen, lanmou fratènèl, ka fè yon gason santi sa sou madanm li; e lanmou *agapao*, mo grèk ki vle di "lanmou Bondye" kisa sa t ap fè mwen fè konsènan Jezikri? Mwen, osi lontan ke mwen anvi al fè sa, sa nan kè m pou m fè ! Menm si...Mwen di, osi lontan ke li nan kè m pou m fè sa, mwen ale fè li. Legalis p ap kite m fè li, se paske ke mwen konnen mwen ta prak sibi pinisyon si m fè li. Men, vrè Verite a ladan I, se lè lanmou Bondye vin nan kè ou jiskaske ou v/e fè sa.

Sa a se Laverite a ladan I. Gen de lekòl yo. Pa legalis oswa lòt, oswa kalvinis la, se toulède.

77 Kounye a, nou dekovri jodi a tou, gen anpil diferan denominasyon. Gen legliz katolik, legliz pwotestan.

Chak youn nan yo di yo se Chemen an, wè, "Nou gen Chemen an, nou se Laverite a." Men Metodis la, ki di, "Nou gen Laverite a." Batis la di, "Nou gen Laverite ."

78 Ebyen, pou mwen, toutotan yo santi yo konsa, se pa konsa, paske Jezi te di: "Mwen se Laverite a." Ou wè?

79 Kidonk, jan prèch mwen an te ye yè swa, ke li se kote Bondye mete Non Li, sèl kote pou adore. Ou pa yon kretyen paske ou se yon pwotestan. Ou pa yon kretyen paske ou se Katolik. Ou pa yon kretyen paske ou se Metodis, Batis, oswa Pannkotis. Ou se yon kretyen paske ou te batize nan Jezikri, pa Sentespri a, pa pa dlo. "Gen yon sèl Lafwa; yon sèl Seyè; yon sèl batèm," sa se batèm Sentespri a. Batèm dlo fè w antre nan yon fratènite. Batèm Sentespri a fè ou antre nan Kris. Sa se Laverite.

80 Nou gen de panse tou sou *Maryaj Ak Divòs* sa a. Kouye a, ke, Senyè nou an te louvri mistè Sèt So ki nan Pawòl Li a pou nou, nan dènye jou sa yo. Kounye a, anpil nan nou, sa a ta ka etranj pou ou, men legliz mwen an konprann. Pa kisa? Epi ou te tandem pale de vizyon yo ak sa ki te pase. E kesyon an se yon kesyon Biblik, nou envite isit la kwè ke dwe gen yon repons veritab nan tot sekrè ki te kache depi fondasyon mond lan. Epi Bib la pwofetize epi li di ke nan jou sa a sekrè sa yo t ap revele. Revelasyon 10, "E nan jou vwa setyèm zanj lan sonnen, mesaje Lawodise a, mistè Bondye yo t ap revele." Epi sa a se dènye laj la, ki se Lawodise.

81 Gade tout revèy sa a te kontinye depi kenzan oswa plis, epi pa gen yon sèl denominasyon ki soti nan li. Luther te gen yon revèy, la yon denominasyon te ale; Wesley, yon denominasyon te ale; Aleksann Kanbèl, yon denominasyon te ale; tout lòt gran sa yo...Jan Smit ak latrìye, denominasyon, Moody, ensi deswit. Men, isit la gen te youn... An jeneral yon revèy sèlman

dire apeprè twazan. Men, sa a pral gen plis pase kenzan, epi pa gen yon sèl denominasyon ki soti nan li, paske sa a se tan Semans lan. Pa gen pay ankò; apre ti gress pay la ale, se Semans.

82 Bondye pare, si li pa fè sa kounye a, li pral rele yon Legliz pou pèfeksyon grasa Pawòl Li a, Jezikri. Remake, dwe genyen yon repons yon kote, epi anetan mistè Sèt So Bondye a, Sèt So...

83 Konbyen moun ki konprann sa, leve men nou. Ann wè. Mwen panse pi fò nan yo se kongregasyon nou an ki soti nan alantou, koute. Sinon, liv yo pral soti byento, sou sijè a. Nou gen liv, kèk liv sou Li kounye a.

84 Jezi, nan tèks nou an, envite nou tounen nan kòmansman an, pou veritab Repons biblik la.

85 Kounye a, lè I te konfwonte ak sa a, te gen de bagay an pèspektiv. Prèt yo di li: "Èske yon nomm ka abandone madanm li, marye ak yon lòt, pou nenpòt rezon?"

Epi Jezi te di, "Se pa t konsa nan kòmansman an."

Alò, yo di: "Moyiz te kite pou nou yon lèt divòs, epi abandone li pou nenpòt bagay yo te vle."

86 Li te di: "Ke, Moyiz te fè sa paske," m ap kite kòd sa a yon ti tan, "akoz kè nou di; men soti nan, oswa se pa t konsa nan kòmansman." Kesyon an!

87 Kesyon an jodi a, tankou lapè nan lemond, "Èske I ap vini pa politik, inyon nasyon yo, ini?" Mwen di nou, non. Li toujou echwe, epi li pral echwe ankò. Men, rete yon repons vre a kesyon an, "Èske pral gen lapè sou tè a?" Wi, lè peche wete sou tè a, pral gen lapè. Men, jiska lè sa a, pa pral gen lapè; "Nasyon pral leve kont nasyon, e wayòm kont wayòm." Bondye te bay yon remèd pou peche. Koute ak atansyon kounye a. Bondye te bay remèd pou debarase peche sou tè a, men moun sou tè a p ap aksepte remèd Bondye a.

88 Bondye ban nou yon remèd ak yon fason pou nou marye ak madanm nou epi viv avèk yo, men moun pa pral aksepte remèd Bondye a, pa pral aksepte Pawòl Li sou sa. Jezi te di sa. Epi sa fè nou sonje—nan Pawòl Li yo, konnen ke Li te di, "Syèl la ak tè a pral fayi, disparèt, men pa Mwen pa pral pase."

89 Keson an, nan repons veritab Jezi vle nou retounen an, se pou nou retounen nan kòmansman an. Alò, sa ta pral nan Jenèz, akoz Jenèz se chapit semans la nan chak keson nan Bib la. Epi ou toujou oblige tounen nan semans la pou wè ki kalite semans ki nan jaden an, pou chèche konnen ki rekòt ou pral genyen. Kounye a, ki kalite semans ki te simen? Jenèz, kòm chapit semans lan, nou pral tounen nan Jenèz. Jezi entwodui nou nan Ekriti sa a, "nan kòmansman an." Kounye a, sonje, se lè tan te fèk kòmanse. Anvan sa, se te Etènité. Kounye a,

kesyon nou te gen, remake, si nou tounen nan kòmansman an.

90 Kounye a, pa manke sa! Epi se rezon ki fè mwen vle pale dousman, pou moun ki sou liy telefòn ou, e ke band la pral di li klè.

91 Si Jezi te di: "Tounen nan kòmansman an," te gen yon sèl pè nan kwakeseswa sou latè. Te gen yon sèl Adan, yon sèl Èv, yo te reyini pa Bondye sèlman. Yon cheval femèl, yon mal; yon jako femèl, yon mal. "Nan kòmansman an," kòm Li te di nou retounen, te gen yon sèl pè nan kwakeseswa. Èske se vre? Alò, nou jwenn ke tout bagay "nan kòmansman an" t ap mache nan yon lòd pafè e an amoni ak Bondye, pa gen anyen ki te soti nan plas li.

92 Tout bagay nan syèl la toujou nan lòd; tout zetwal yo, galaksi yo, sistèm solè yo, tout bagay pafètman nan lòd. Youn nan yo deplase, li t ap entèwop tout pwogram nan.

93 Kounye a, koute. Èske ou wè? Yon sèl entèripsyon gate tout pwogram nan! Kounye a, lè lòm te ale an kontinwite ak Bondye, epi yon sèl gason ak yon sèl fi, fi sa a peche epi li jete tout pwogram terès la soti nan kontinwite ak Bondye. Se poutèt sa, yon mo ki ajoute nan Liv sa a, oswa yon Pawòl ki soti nan Li, voye yon kretyen andeyò kontinwite ak Bondye, jete yon legliz andeyò kontinwite ak Bondye, jete yon fanmi andeyò kontinwite ak Bondye. Chak kwayan kapab jete deyò, pa refize Tout Pawòl Bondye.

94 Konsa, se te fi a ki te lakòz separasyon nan bèl kay la. Se pa yon cheriben ki te deranje tè a. Se pa Adan ki te jete kay la deyò. Se pa t anyen dot ki te jete kay la soti, epi jete tout bagay la soti nan kontinwite, men yon fi, Èv. Epi se de "kòmansman an" Jezi te pale isit la, te kase. Jezi te di: "O kòmansman, Bondye te fè yon mal, yon femèl, de chak sòt." Epi kounye a lè fi sa a... pa cheval femèl la, pa chen femèl la; men fi a, li kraze tout kontinwite nan operasyon Bondye a sou tè a, epi jete tout bagay nan lanmò. Fi a, pa gason an, li te kraze kontra a. Li te kraze kontra a, paske (poukisa?) li te travèse fwontyè Pawòl Bondye a. Kounye a, si li te kraze alyans li ak mari I, li te kraze alyans li ak Bondye; alò, paske li te kraze kontra a ak Bondye, li kraze I ak mari I.

95 Epi lè w kraze pwomès ou ak alyans ou ak Pawòl Bondye a, se sa ki lakòz anpil manm legliz ilejitim, paske

yon gwoup moun te reyini epi yo te di, "Oke, Li pa t vle di sa," epi li jete tout òganizasyon an soti nan kontinwite ak Pawòl la. "Nou pa kwè sa. Doktè Jones te di ke Se pa konsa." Men osi lontan ke Bondye te di Se konsa, Li te di, "Se pou tout pawòl moun yon mansonj, epi pa Mwen se Verite!" Se la li kraze kontinwite a.

96 Kounye a nou wè, kontinite a kraze, answit liy Lavi a te kraze, liy tan an te kraze tou, alyans la te kraze, tout bagay te eklate! Kisa ki lakòz li? Yon fi. Se sa ki te kraze alyans la. Kounye a, si w vle li sa, ou ka li I, Jenèz 3.

97 Kounye a, se lè sa a gason te plase pou dirije sou fi, pa Pawòl Bondye s. Li pa t ko-egal ak li ankò. Li te ko-egal nan nati, ou konnen; men, lè li te kraze Pawòl Bondye a, Bondye te fè yon gason pou yo vin yon chèf sou li. Jenèz 3:16, si ou vle ekri I. Li pa t egal ankò ak gason an. Li te kraze Pawòl Bondye a.

98 Èske w pa wè, "li," li, legliz la isit la? Brizè Pawòl Bondye a, ki te jete I konplètman andeyò kontinwite a. Epi se sa legliz la te fè, epi li te jete lanmò espirityèl sou tout annantye. Kounye a, ou pral konprann poukisa mwen ensiste sou bagay sa yo jan mwen fè a. Se Laverite! Sa a se reyalite Bib la.

99 Remake, poukisa li te fè yon bagay konsa? Kijan chamant, bèl, fanm pafè sa ta ...?

100 Mwen te wè yon foto yon fwa, mwen kwè ke se te nan Lagrès, de yon atis ki te pentire yon foto Èv. Li te bagay ki pi terib ke w ou janm wè. Sa montre kisa yon lespri chanèl ka gade. Men, li pa t sa; li te bèl, paske li te yon fi pafè, tout fi.

101 Remake, poukisa li te fè yon bagay konsa, etan nan gran lòd sa a? Li te dirèk ak gason, ko-egal ak li. Men, nou tout konnen kounye a ke li te pèdi egalite li ak gason, lè li te peche, epi Bondye te di, "lòm pral chèf ou apati de isit la." Kounye a, se sa Ekriti a. Si ou vle, nou te kapab li I.

102 M ba w Ekriti yo, kidonk ekonomize tan pou gran koneksyon sa a atravè peyi a, ke ou ta ka li li ou menm.

103 Remake rezon ki fè li te fè sa. Kijan Satan te janm rive jwenn li?

104 Èske w te konnen Satan te egal ak Bondye yon jou? Sètènman, tout sof yon kreyatè; li te tout bagay, te kanpe sou bò dwat Bondye, nan Syèl la, gran cheriben dirijan an.

105 Remake rezon ki fè li te fè sa, li pa t nan kreyasyon orijinal la. Li pa t nan kreyasyon orijinal Bondye a; li se yon pwodwi derive. Kidonk, "nan kòmansman an", jan Jezi te pale de sa a, li pa t kreyati orijinal Bondye. Li se yon pwodwi derive de yon gason, lè Jezi te pale de "kòmansman an".

106 Sonje byen, Adan te alafwa maskilen ak feminen, nan kreyasyon orijinal la, yon sèl, men lè sa a, li te separe pa yon kòt.

107 Remake, men se yon pwodwi derive, epi, remake, yon sèl nan tout kreyasyon Bondye a, nan chak bèt ak nenpòt lòt bagay, se te li sèl ki te fèt nan fason sa a. Tout lòt femèl yo te nan kreyasyon orijinal la. E Tout lòt femèl te nan kreyasyon orijinal la, men Èv pa t nan kreyasyon orijinal la. Ou wè, sa te dwe fèt konsa. Nou pral rive sou li aprè yon ti tan. Remake, nan kreyasyon sa a ke li te ye a, pa nan orijinal la, men yon pwodwi derive. Epi nan kreyasyon sa a, gen ...

108 Kounye a, mwen pa vle blese santiman w, men mwen vle di w Laverite. Epi jis ret chita frankil; n ap fè sa trè byen.

109 Pa gen anyen ki fèt pou te si tèlman sediktè, ke yon fanm ki sediktè. Pa ka gen anyen lòt; pa gen anyen ki te fèt pou l konsa.

110 Epitou, pa gen anyen ke yo ka twonpe si tèlman fasil ke yon fanm. Kounye a, chit la pwouve ke deklarasyon sa a se vre, chit depi nan kòmansman an.

111 Li pa t nan kòmansman kreyasyon orijinal la. Li te nan Adan, non pa nan yon sèks feminen, limenm, nan kòmansman an. Li te yon soupwodwi ki te fabrike.

112 Kounye a, pa gen anyen ki fèt ki ka sedwi, epi yo ka sedwi osi fasil ke yon fanm. Pa gen anyen ki fèt oswa ki ka tonbe osi ba ke yon fanm. Panse a sa kounye a. Ni pa gen anyen ki fèt, nan tout kreyasyon, ki ka desann osi ba ke yon fanm. Li ka dechire kè yon gason an miyèt moso pi fasil pase nenpòt lòt bagay ki gen nan mond lan, ke madanm li menm. Kite bèl ti madanm sa ap kouri dèyè lòt gason; gade zanmi sa a ki chita la ak pitit li yo, dlo ap koule nan

je I. Li te konsevwa fason sa a. Li te konsevwa pou l te fè sa. Pa gen okenn kochon, pa gen chen, oswa pa gen okenn lòt bét, ki te konsevwa menm jan avè l oswa ki ka desann osi ba ke l ka desann. Ebyen, se vre. Avèk respè pou sè m yo, mwen jis vle pou n fè atansyon.

113 Okenn bét pa ka imoral. Ou rele chen an yon "devègonde," femèl chen an, ou rele mal la ... kochon yon "manman kochon," men moral li depase de yon milyon kilomèt anpil vedèt nan Hollywood. Sa a se jan ke li te konsevwa pou l desann li ba. Li pa ka... Jis panse a sa kounye a. Pa gen anyen nan monn nan, ki fèt nan kreyasyon Bondye a, ki ka imoral, desann li ba konsa.

114 Ou di: "Tann yon minit, 'monchè'!" Nou pral rive sou sa. Fanm nan dwe di "wi."

115 Remake, pa gen anyen ki te konsevwa pou desann osi ba, oswa souye, apa de yon fanm. Yon chen pa ka fè l, yon kochon pa ka fè l, yon zwazo pa ka fè l. Okenn bét pa imoral, ni li pa kapab , paske li pat konsevwa pou l vin konsa. Yon femèl kochon pa ka imoral, yon femèl chen pa ka imoral, yon femèl zwazo pa ka imoral. Yon fanm se sèl bagay ki ka konsa.

116 Kidonk ou wè kot Satan te ale? Ou wè? Men toujou se li ki gen, se li ki gen pouvwa pou di "wi" oswa "non". Ou wè, sa depan de ki kote li vle kenbe tèt li. Ou wè? Ebyen la a nou ka wè klèman semans sèpan an, kote li antre a. Gen yon sèl kote li te kab ale. Si sa pa ta klè toujou, gen yon moun ki avèg. Ou wè? Gade, sa te dwe rive jouk la.

117 Remake, rezon ki fè bét yo pa t kab fè l, yon femèl bét, yo te nan kreyasyon orijinal la. Men, fanm nan pa t 'nan kreyasyon orijinal sa a. Koulye a nou pral tounen pou fouye sa, answit mennen ou desann tou dwat nan tan modèn nan, nan Testaman an.

118 Li te konsevwa, limenm sèl, pou salte ak lavi souye. Yon chen pa kapab, epi okenn lòt femèl pa kapab. Se jis fanm nan ki kapab. Yon chen oswa nenpòt lòt bét la, annafè yon fwa nan ane a, epi sa se pou fè ti bebe li yo; pa pou plezi seksyèl, men pou ti bebe li yo. Vye manman kochon an, vye chen devègonde a, yon fwa pa ane, nan yon moman, se pou ti bebe li yo. Men, yon fanm te konsevwa pou nenpòt ki lè li vle a. Mwen te gen kèk bagay ke m te efase la a kounye a; ou ka imajine rès la. Yon chen pa kab fè l; fanm nan kapab. Mwen espere ke Sentespri a va revele w rès sa ke m bare la a.

119 Li se sèl espès, espès femèl, ki pi bèl pase gason an. Pa gen okenn lòt espès pamí anyen lòt. Tout lòt bét Bondye yo se mal yo ki bèl, tankou pamí bét yo, zwazo yo, elatriye, mal yo toujou bèl.

120 Gade gwo sèf, bèl gwo kòn yo, espès ekstraòdinè; epi vyek ti, ti femèl sèf tou enb lan. Gade gwo kòk la ak tout bèl plim li yo; epi vyek, ti poul mawon an. Gade zwazo yo, kòk la ak poul la. Poukisa? Poukisa li te konsa, nan tout kreyati Bondye yo? Chak kreyati, pamí yo se mal la ki pi bèl. Ant mouton yo, ant—kochon yo, ant chwal yo, ant nenpòt lòt bagay, se toujou gran mal yo ki bèl, e ant zwazo yo tou.

121 Men nan ras imen an, se fanm nan ki bèl, se pa gason an; si I ta bèl, gen yon bagay ki pa mache, gen yon kwazman semans kèk kote. Nan kòmansman an se konsa. Poukisa? Poukisa li te fèt? Pou I sedui. Konseptè li, Satan, ap kontinye travay avè I, tou, nan dènye jou sa yo.

122 Kite m rete la a jis pou yon ti moman. "Bote!" Èske w te konnen, nan premye destrikson an, entènasyonalman, mond lan, oswa atravè lemond, se te akòz de bèl fanm? "Lè pitit gason Bondye yo wè pitit fi lèzòm yo bèl, yo pran fanm pou tèt yo." Eske se vre?

123 Èske w te remake ogmantasyon bote fanm yo nan jou sa a? Mwen te wè foto Pearl O'Brien, ki sipoze te pi bèl fanm nan nasyon an, nan yon epòk. Pa gen yon ti jèn adolesan nan lekòl sa ki pa t ap eklipse manzè, lè li kesyon de bote.

124 Ogmantasyon bote fanm yo ap montre tan sedikson an. Ki lè legliz te sanble pi bèl jan I ye jodi a? Tout bagay vle yon pakèt afè, gwo bïlding ekstraòdinè, ak dè milyon de sesi e dè milyon de sela. Èske ou pa wè, "limenm," sedikson an!

125 Kounye a, pa gen anyen ki ka desann ba tankou I, e li te konsevwa pou I te ka sedwi. Epi Satan vrèman ap aji sou li jodi a, nan dènye jou sa yo, paske li se konseptè li. Mwen ka pwouve sa kounye a. Pou tounen tou dwat nan kòmansman an, ki moun ki te kòmanse aji sou li, Adan oswa Satan, Bondye oswa Satan? Gade, se konseptè li. Se zam prensipal li pou jete gason nan salte I, se yon bèl fanm, li ka balanse yon gason nenpòt fason li vle. Frè m, se pa diskò ilegal la anba isit la ki jete nonm lan; se bèl fanm k'ap mache nan lari a, ap tòde kò li, abiye amwatye. Se nan sa a li pran ... Sa a se sedikson la menm. Epi li mòtèl avèk sa, absoliman

mòtèl. Ou gendwa kesyone m sou Satan ki se konseptè li, men se Laverite. Satan te modle li. Lap fè l toujou.

126 Kite m montre nou yon bagay nan Ekriti a. Mwen dwe mennen w tounen nan Ekriti a, epi w ap gen opinyon w pandan w ap obsèvè l jodi a.

127 Satan se moun ki maniganse bote sa a. Si nou remake, li te pi bèl nan tout zanj ki nan syèl la. Eske se vre? Epi li te vle fè syèl la yon kote ki pi bèl pase wayòm Mikayèl la. Eske se vre? Epitou, pou montre ke Kayen se pitit gason l, li te ofri yon adorasyon ki pi bèl, li te dekore lotèl li yo ak fwi ak flè, elatriye. Eske se vre? Bèl! Peche bèl, sa nou rele bote jodi a. Epi peche se sediksyon, pa bote a. Ou pa ta jamgade yon fanm k ap desann nan lari a epi di sa k nan kè l. Ou wè? Men, mwen te vle di bagay sa yo pou w te kapab wè poukisa se Satan ki modle li. Se egzakteman sa, pwòp pitit gason l te pwouve l, Kayen. Ebyen, manzè bèl pou l ka sedwi.

128 Mond lan bèl pou li ka sedwi. Mwen vle di kosmos la, lòd mond lan. Li bèl pou l ka sedwi, bèl kote ekstraòdinè e liksyè.

129 Sonje pwofèt Amòs, lè l te monte anwo a e l te gade vil la, e l te wè l tankou yon Hollywood modèn, vyep ti je l yo te vin piti, anba cheve gri sa a ki pandye nan figi l la. Apre sa li desann la a ak yon Mesaj, epi li te eklate l Li nan kote sa a. Li te di: "Bondye menm ke w pretann ap sèvi a, l ap detwi w!" Se vre.

130 Peche, li bèl. Yo imagine Jida tankou yon espès de vye tafyatè ki t ap trennen nan lari a kèk kote, ak bouch li ki pandye plen mouch ladan l, elatriye, tankou Jida. Jida te yon bèl gason, fò, yon sediktè. Se pa moun sa a wa p veye bò kote w, se pa yon moun ki (veye kiltivatè a) antre ak yon salopet sou li, pou ap siveye bò kote madanm ou ; li se mèt dam sa a, li se yon voryen.

131 Peche bèl nan jye mond lan, men Bondye pa nan fè wè nan jan de bote sa yo. Èske w te konn sa? Bondye nan montre karaktè, bote karaktè.

132 Nan Bib la, Ezayi 53, si w vle make Ekriti sa. Gen anpil Ekriti ki ekri on kote la sou sa. Ezayi 53, Bib la di konsènan Seyè Jezi, ke, "Pa t gen okenn bote nan Li pou atire nou. E nou te detounen rega nou de Li." Èske se vre? Nou pa t gen dezi pou Li, paske Li pa t bo.

Pwobableman Li te yon ti bonòm, ak zèpòl tonbe, aparans kannèl, e Li pa t gen prestans on chèf. Li pa t sanble a on chèf. Li te konn pale langaj komen moun lari, tankou moun pèp, moun òdinè, e latriye, kidonk Li pa t sanble ke Li te yon gwo save, byen edike, rafine, byen abiye, ak tout bagay konsa. Li te jis yon Nonm òdinè. "Pa t gen okenn bote nan Li, ki te atire nou bò kote L." Li te konn ap fè antre sòti tankou nenpòt moun, jis ap pase, yo pa t menm konnen Kimoun Li te ye. Li pa t sanble ak yon dye ki t ap mache, dapre sa nou ta panse ki te yon dye. Men, kanmenm, Li te sa!

133 Èske nou te remake lè Bondye Seyè a te di-te di Samyèl, "Monte al kay Jese pou wenn youn nan pitit li yo, kòm wa, pou ranplase Sayil"?

134 Bon, moun yo te chwazi Sayil, alòske Samyèl te di yo absoliman pou pa fè sa. Li te di, "Bondye pa vle nou gen yon wa; Li se Wa nou." E li te ajoute, "Èske m te janm di nou yon bagay, lan Non Seyè a, ke sa ki te rive? Èske m te janm mande nou lajan oswa yon *lòt bagay kèlkonk*, pou m viv?"

135 Yo te reponn, "Non, ou pa janm mande nou lajan. E kèlkeswa sa w te konn di, lan Non Seyè a, sa te rive. Men nou vle, kanmenm, wa sa," konsa yo te chwazi Sayil. Gade kisa mond lan te chwazi! Gade kisa Izrayèl te chwazi! Izrayèl, wen Bondye a, yo te chwazi yon nonm ki te pi wo ak zèpòl pi laj ke nenpòt moun lan nasyon an; gwo zafè, jeyan, rafine, yon bonòm avèk bèl aparans, men li te toujou yon mouch nan Iwil onksyon an.

136 Men Bondye di, "Mwen pral chwazi pou nou yon wa ki se chwa pa M." Kifè Li di, "Samyèl, M pap di w kimoun li ye, men monte la. Li se youn nan pitit Jese yo."

137 Epi Jese, madanm li, ak yo tout te gade toutotou, yo di, "Wi, pi gran pitit nou an, li se yon gwo zafè, li wo, yon nonm ki bo, li jis sanble I kòrèk pou kouwòn wa a. Li entèlijan. Li edike. Li se yon nonm de byen. M konnen I ap jis kòrèk. Li pwononse mo I yo kòrèkteman."

138 Lè yo te mennen I, Samyèl te pran krich Iwil la e li t al nan direksyon I. Li te di, "Non, Seyè a refize I." Konsa li t al jouk anba, wè sis pitit yo, e Seyè a te refize yo tout. Li te di, "Èske pa gen yon lòt?"

139 "O," li te reponn, "wi, gen youn, li dèyè laba a ap siveye mouton. Li jis dèyè laba ap jwe mizik, pou chante yo, epi rele fò, tout tan. men, li se yon jan de vyep ti bonòm kannèl, ak zèpòl tonbe, li pa gen dwa janm yon wa."

140 Li te di, "Al chache I." E pandan David t ap vin devan jye pwofèt la, pwofèt la te kouri ak Iwil la epi li te devèse I sou tèt li, pou di, "Men chwa pa Bondye a." Li pat bo; men li te gen karaktè. Bondye gade karaktè.

141 Lòm gade bote natirèl. Sa twonpe w. E se pou sa yo te bay fanm lan bote sa, pou twonpe, pou sedui. Yon bèl fanm, si l pa itilize sa nan bon sans lan, se yon malediksyon pou manzè; ki va voye l nan lanfè pi vit ke nenpòt lòt bagay mwen konnen. Si li jis...Si l ka bèl, se sèten, osi lontan li rete ak mari l epi fè sa ki kòrèk, sa-sa annòd epi admirab. Men li ka pran menm bagay sa epi, o lala, ala sedui li ka sedui avèk sa, paske yo te ba l bagay sa pou fè sa.

142 Remake, la, Bondye demontre nan karaktè. "Pa t gen okenn bote nan Jezi ki te atire nou," men pa t janm te gen yon karaktè tankou L, sou tè a.

143 Kounye a nou jwenn, jodi a, ke-ke karaktè legliz, Satan ak gwoup li, ap chache gwo, bèl legliz, bagay ki bèl. Se sa ke mond lan ap gade jodi a. "O, se pastè a, se tan pou gran entèl-entèl, ak entèl-entèl, sitèlman konsakre epi sitèlman sen, ap pwonmennen, ak gran wòb sa yo, ak bagay konsa." Yo rele sa bote.

144 Men veritab sen Bondye yo gade karaktè Pawòl konfime a.

145 Se sa sen yo te fè nan jou sa, lè yo te wè Jezi. Li pa t anyen pou w t ap gade, men yo te wè Bondye te nan Li. Yo te wè Bondye te avè L.

146 Se konsa sila yo, Joab epi pèsonaj sa yo ki te avèk David yo, yon vyep ti bonòm, men yo te wè nan li ke li te nonm sa-sa. Yo te wè ke Bondye te nan li, e yo te konnen l ta pral gen pouvwa yon jou. Yo...Youn te vide atè lòt frè Golyat sa yo, ak yon sèl men. Youn te touye twasan zòm; kan kèk fanm t ap ranmase pwa pou fè manje, epi lame a te pati, li te pran yon javlo pou touye twasan zòm Filisten. Men karaktè! Poukisa? Yo te rete toupre David. Yo te konnen ke onksyon an te sou li, e yo te konnen li ta pral pran pouvwa a.

147 Yon tablo egzak Legliz jodi a ki pral kanpe toupre Pawòl la! Nou konnen Sa pral konfime. Nou konnen Sa pral pran pouvwa a yon jou. Menmsi Sayil...E li t ap sove met deyò pou rès nasyon an, men yo te konnen li ta pral vin sou pouvwa a. Nou konnen Li pral vin sou pouvwa a, tou, kifè nou pran Pawòl sa e nou rete drèt la, pe enpòt sa sa koute. Si nou dwe tranche Filisten, oswa sote nan yon twou pou touye on Lyon, tankou youn te fè, nou prale kanmenm, paske se...se konsa Bondye òdone l pou l ye. N ap chache karaktè.

148 Kounye a ou ka mande m, "Poukisa Li te pèmèt manzè pou l te fasone konsa?" M pa vle pran twòp tan, paske m gen pi plis pou m di la. "Poukisa," kesyon an ka pose la, "poukisa Bondye te fè fanm sa konsa? Poukisa Li te pèmèt li vin konsa?" Se te pou Pwòp bon plezi pa L. Sèten.

149 Bon si w vle ale nan Bib ou jis on minit, ann al nan Women 9, jis on minit, pou montre w yon bagay, jan Bondye fè bagay sa yo, si w vle li-li sa. E nou ka wè la kisa Bondye fè pou Pwòp bon plezi pa L. Women 9: 14.

*Alò kisa nou va di alò?*

*Èske gen enjistis devan Bondye?...*

150 Kan Li te chwazi Ezawou, oswa chwazi Jakòb epi rejte Ezawou, anvan ankenn nan ti gason sa yo te gen posiblite pou fè yon chwa, yomenm, ankenn nan yo; anvan yo te fèt, toujou nan vant manman yo, Bondye te di, "Mwen rayi Ezawou, e Mwen renmen Jakòb." Ou wè? Poukisa?

*Paske li te di Moyiz, M va gen mizèrikòd pou moun*

*Mwen gen mizèrikòd, e M va gen konpasyon pou moun Mwen gen konpasyon.*

*Kifè se pa...sa ki vle, ni...sa k ap kouri a, men se Bondye ki fè mizèrikòd.*

*Paske ekriti a di de Farawon, Se pou rezon sa menm ke M te sisite w, se pou M te ka montre pwisans mwen pa ou menm, e pou non pa m te ka pwoklame sou tout tè a.*

*Kidonk...li (Kounye a obsève la.)...-donk...li fè mizèrikòd a moun l ap fè mizèrikòd, epi a moun l ap rann kè di.*

*Ou va di...di m, Poukisa Alò l ap...blame? Paske kimoun ki ka reziste a volonte li?*

*Pèsonn men, O òm, kisa w ye pou ap oze konteste Bondye? Èske ajil la ka mande potye a, Poukisa ou te fè m konsa?*

*Èske se pa privilèj potye a sou ajil la, pou l fè ak menm matyè a yon kannari pou lonè, e yon lòt pou yon lizaj òdinè?*

*E si Bondye, poutèt li te vle manifeste kòlè li, e poutèt li vle montre pwisans li, te andire...yon tèl pasyans ak kannari kòlè ki te rezève pou destriksyon an:*

*...pou l ka fè konnen imansite glwa li ak kannari ki gen mizèrikòd la, ke l te prepare davans pou laglwa,*

151 Kounye a fè diskisyon ak Sa yon ti moman. Bondye te fè sa! Li te oblige fè l fason sa. Sa te dwe la. Kounye a koute. Bon pandan apeprè senk minit, m vle atire atansyon w sou yon bagay.

152 Kisa Bondye ye? Bondye se gwo Letènèl la. Nan kòmansman, byen lontan anvan te gen yon kòmansman, Li pa t menm Bondye. Èske w te konn sa? Bondye se yon "objè adorasyon," e pa t gen anyen pou adore L. Li t ap viv sèl.

153 E nan Li te gen atribi. Kisa yon atribi ye? Yon panse. La ou pral jwenn yon bagay k ap debòde sou lesoun aswè a. Remake, Li te atribi pa L ki te nan Li. Bon, sa te nan Li pou L te vin Papa, sa te nan Li pou L te vin Bondye, sa te nan Li pou L te vin Pitit, sa te nan Li pou L te vin Sovè, sa te nan Li pou L te vin Gerisè. E tout bagay sa yo la t ap demontre atribi L yo. Pa gen anyen an dezòd. Ou panse Bondye pa t wè lafen depi kòmansman an? Sètènman, Li te wè l. Pa gen anyen ki an dezòd, sa jis ap demontre atribi L yo.

154 Bon, Li pa t ap jis si L te fè yon nonm pou tonbe. Li te dwe plase l sou yon baz egal, ak lib chwa li, pou fè pwòp chwa pa l, men konsyan ke l t ap tonbe.

155 Bon, Li pa t ka yon Sovè amwenske yon bagay te pèdi. Li pa t ka yon Gerisè amwenske yon bagay te malad. Bagay sa yo te dwe fason sa. Bondye te fè yo konsa poutèt pou gwo atribi L yo te ka demontre. Si pa t gen sa, Li pa t ap janm ka yon Sovè. Men nou konnen Li te sa, anvan menm te gen yon tan, Li te yon Sovè. Li te yon Sovè, kidonk te dwe gen yon bagay ki te pèdi. Kouman sa t ap pral fèt?

156 Si L te pran epi pèdi sa, jis pou L te sove l, la sa pa t ap jis pou jijman pa L. Li pa t ap ka voye yon nonm nan lanfè, epi rete jis. Li se bonte, jantiyès, verite, onètete, e Li se yon gran Jij. Ou wè, Li t ap travay kont Li menm.

157 Kidonk Li te oblige plase yon nonm la, epi fè l avèk lib abit li, konsyan ke l te ka, te ka tonbe; epi lòm, selon Pwòp imaj Li, kouman l ta ka tonbe? Kounye a ou kòmanse wè Limyè a? Kifè, Li te dwe fè yon pwodui derive, yon bagay ki te soti nan kreyasyon orijinal la. Ou sezi l kounye a. Ou wè? Men w rive. Ou wè? Alò, se sa ki te tonbe a, Li te fè sa, konsyan ke sa t ap tonbe. E sa te travèse al jwenn Satan, pou te gen yon kannari pou dezonè. Ki kote lonè chita jodi a? Nou menm panse a sa. Remake byen kounye a.

158 La ankò, poukisa yo te fasone l fason sa e pa tankou lòt femèl yo. poukisa fanm lan te fasone konsa e non pa lòt femèl yo? Ankenn nan lòt femèl yo pa t fasone konsa. Yo pa konsa, jodi a. Yo pa kapab. Poutèt yo pa t fèt fason sa, yo paka fè sa. Poukisa Li pa t fè femèl sa la, yon fanm, jis tankou lòt femèl yo, pou manzè te ka jis menm fason an, te ka jis elve ti bebe li yo? Alò manzè t ap gen mari li, epi viv; e kan moman te rive pou l gen ti bebe li, manzè t ap gen ti bebe l. Poukisa-poukisa Li te fè l konsa?

159 M paka pwononse mo sa yo. Nou konprann de kisa m pa pale a, se pa vre? Si nou konprann, di "amèn." [Kongregasyon an di, "Amèn."—Editè a.] Ya. Ou wè? Gen jèn tifi la, ak

jèn ti gason, ou wè. Men nou konnen, bét la oblige vini a on sèten moman nan ane a, lè sa ak konpayon li, apresa se fini. Men, on fanm, se tout tan. E poukisa Li te rann li konsa?

160 Kounye a obsève gwo pwogram Li k ap devwale, pandan n ap kontinye atravè l la kounye a, jis osi pafè ke sa posib. Mwen pa t konn sa jiska lòt jou.

161 Poukisa Li pa t fè manzè konsa nan kòmansman, tankou rès femèl Li yo? Paske sa t ap fè afè L. Li se Fontèn tout sa ki pi. Se pou rezon sa Li te dwe kite Satan met men sou manzè, se sa l te fè nan pèvèsyon an. Yon tèl kreyati t ap, pa t ap ka vin de Li, pou te fèt konsa a lorijin.

162 Tout zèv ke L te fè, a lorijin, y ap kontinye. Tout zèv orijinal Li yo t ap kontinye. Femèl chen an, mal chen an; ou wè, bèf femèl, bèf mal la; tout bagay ap kontinye. Tout lanati nèt ap kontinye. Semans lan mouri, al nan tè; jis tankou lanmò, antèman, rezireksyon. Sèv la desann nan pyebwa a, fèy yo tonbe, pou retounen lane pwochèn ak rezireksyon yon nouvo fèy. Nou wè sa m vle di a? Tout bagay Bondye, menm lanati, yo tout ap kontinye, an amoni, e men youn ki te soti nan kontinwite Bondye a. Lanati te sitèlman byen fèt ke li pa t ka peche. Panse! Kreyasyon orijinal, Bondye a, pa t ka peche.

163 O, èske nou paka sezi l kounye a, nan table sa la, pèvèsyon legliz la? Orijinal la se Pawòl Bondye a! Pa gen peche nan Bondye. Nou wè sa m vle di a? Men yon kreyati ki te vin a legzistans pa yon pèvèsyon. Bondye pral gen yon Legliz, men gade bagay pèvèti sa yo genyen deyò a la.

164 Bondye gen mal ak femèl. Men, fanm sa, ou wè, siy sentòm yo menm montre sa k te nan panse Bondye laba. Nou te ka pran inè, oswa dezè, pou devlope sa. Manzè...Li te fè kreyati sa pou rezon sa, Li te fè kreyati a e Li te livre l pou Satan te ka met men sou li, e misye te fè sa. Li toujou anba men l. Li ta fè mye sove al sou Lakwa, gason an, tou.

165 Remake, tout lanati ap fonksyone nan kontinwite. Si L te fè fanm lan nan menm kreyasyon orijinal la, pa t ap gen ankenn peche, paske manzè pa t ap ka fè sa, li pa t ap ka fè l. Li se yon pèvèsyon kreyasyon orijinal la.

166 Kidonk tout peche se pèvèsyon Verite orijinal la! Kisa manti ye? Se Laverite pèvèti. Kisa adiltè ye? Se zak kòrèk la pèvèti. Kidonk gen kreyati pèvèti a, gen pèvèsyon tout bagay nèt. E tout bagay la nèt ka eple konsa p-e-c-h-e, ki blayi drèt la. Se pou sa kesyon an sitèlman enpòtan.

167 Se te sèlman yon pati, yon restan, ki te sot nan yon nonm, pou sedui I; Bondye te fè sa, jis la sa te pwouve I. Se poutèt sa manzè te fèt.

168 Yon fanm imoral se bagay ki pi ba ke w te ka panse, sou tè a. Eksize m pou sa, jèn dam yo. Li pa anyen lòt ke yon poubèl fatra, yon ekspozisyon sèks. Se tout sa I ye, yon fanm imoral, se yon poubèl seksyèl fatra imen, yon bagay polye, kote w jwenn salte souye, sal, trè ba, ak tèt di, avèk manzè. Poukisa I te fèt fason sa? Pou sedui. Chak peche ki te janm vin sou tè a se te yon fanm ki te lakoz.

169 Yon analiz ki jis sot Chicago, yon-yon dam te ekri atik sa, sou lapolis, ki te jwenn, Ozetazini, nan kè metwopòl Etazini, ke, "Katreven dizuit poustan tout krim ki te janm komèt sou tout fòm, Ozetazini, te gen yon fanm enplike ladann oswa an aryè li."

170 Kounye a m ap di sa tou, pou abouti alafen a yon sèl bagay la, se pou nou ka wè kisa ki pwoblèm lan.

171 Manzè te fèt pou sedui, jan I te fè Adan nan kòmansman an, ap di I ke fwi a te agreyab, e latriye, pou sedui I epi mennen I lwen Pawòl la. Se fason sa legliz fè jodi a, menm bagay.

172 Kounye a ala yon diferans ak jou sa, nan jou ak konsepsyón sa. Olye ke se misye ki se chèf manzè, se manzè ki vin bondye misye. Sèten, manzè ap dirije misye. Bon nou ka pwobableman byen konprann sa m kontinye ap frape la. Ak bote manzè epi kontwòl seksyèl li, ak fòm Satan te ba li a, pwodui derive ke Satan te fè a, yo te voye manzè pou sedui pitit Bondye yo. E li ka voye plis nan yo al nan lanfè ke tout lòt enstriman Satan te genyen. Se egzakteman vre.

173 M ap pale de fanm imoral la kounye a, pa nou menm sè yo. Nou pral ba nou plas nou, plas kòrèk la, nan kèk minit, la nan Pawòl Bondye a. Se te nan plan Bondye depi nan debi-nan kòmansman.

174 Kounye a pou nou fè sa jodi a, kisa dye Etazini ye? Nou sonje nan tabènak la sa fè dè zane, ke mwen te preche sou sa? Dye tan modèn lan, yon ti pabon te chita la ak makiyaj, ak yon wòb monte anwo jenou I, ak bagay konsa. M te di, "Men dye pa nou!" E se vre, manzè sou tout piblisite, mwatye toutouni. Li nan lari a, menm jan an.

175 Se yon enstriman Satan, "depi nan kòmansman," Jezi di li. Ou wè? Nou wè ke se sa la, epi "depi nan kòmansman," ak sa L ap pale yo.

176 Bon, payen yo te abitye rann manzè yon dye, (èske nou te konn sa?) yon deyès. Se sèten. Yo te fè de li yon deyès, poutèt yo te konn fè ak seksyèl nan adorasyon pa yo. Yo te pretann sa, "Li te kreyatè a. Nan zantray pa I li te pote semans lan e li te kreye." Sa se yon manti. Gen sèlman yon sèl Kreyatè, se Bondye. Men nou sonje Pòl la? "Dyàn, Efezyen yo," yon imaj taye fèt avèk wòch, yo te di, "deyès Syèl la, te desann." Èske nou pa wè fason payen yo adore?

177 E nou menm, ki pa pran konsyans, nou retounen toudwat ankò al nan adorasyon payen, ak fanm, kreyati ki pi ba sou tè a, adorasyon fanm! Manzè va trennen gason nan nenpòt direksyon li vle. San pran konsyans ke, tout bote eksteryè sa, se lanfè ki alenteryè. Salomon di, "Pòtay li, manzè, se pòtay ki mennen nan lanfè."

178 Kounye a nou wè aklè la de kisa Jezi t ap pale nan Apokalips, chapit 2 vèsè 15, konsènan doktrin Nikolayit la, ki t ap vini, legliz sa ki t ap elwaye I de Pawòl la.

179 Epitou nou ka wè la, aklè, pwogram vilgè, enpi, souye sa yo ke nou gen nan televizyon yo, konsènan rèn sèks Hollywood yo. Nou ka wè salte vil sa, pandan ke timoun sa yo, vyep tifi sa yo k ap mache monte desann nan lari a la, ak ti rad, byen sere, pou ap vire tòdye, poutan li fè ase frèt pou jele yo amò. Yo pa konnen ke se dyab la k ap fè sa. Yo posede ak yon movèz espri, e yo pa konn sa! Ou pa wè yon femèl chyen ap fè sa, se pa vre? Ou pa wè okenn lòt femèl ap fè sa, ak okenn mal ki konn mye pou al kote I, non plis.

180 Ou wè, kounye a nou sezi tablo a? Nou pral entwodui yon bagay jis nan yon moman, si Seyè a vle.

Bon nou wè Nikolayit yo, nou wè doktrin yo a.

181 Nou wè tinedjè rèn sa yo, jan yo rele yo a, dezabiyaj sa yo nan lari a. Lontan se pou w te konn al nan kèk espektak vilgè akote, pou wè yon sèn dezabiyaj. Jis louvri jye w, gade nan lari a, se tou sa w gen pou fè kounye a. Tout bagay la nèt se yon sèn dezabiyaj. Sèten. Poukisa y ap fè sa? Pou atire, tante, se pou sèl bagay manzè ka ap fè sa. L ap fè I paske li souye. L ap fè I paske yo te rann li vin fason sa. Li pa reyalize ke li se yon enstriman nan men Satan, e se sa li ye.

182 Menm nan lekòl nou yo jodi a, y ap anseye zak seksyèl. Mond pouri nou an ak adorasyon fanm! Mwen konnen yo pa vle kwè sa. Ap leve kanpe pou ap chante on jan de im, e latrife, yon jou, epi soti ak fanm, ap flite tout lannwit. Ou wè? Se sa. Alòske, nan jye Bondye, Pawòl la, se li ki pi ba nan tout animal Bondye te met sou tè a. Obsève.

183 Se poutèt sa Bondye entèdi I pou I anseye Pawòl Li. Se vre. 1 Timote 2: 9-15, "Mwen pa tolere pou yon fanm ap anseye, oswa pou gen okenn otorite." Ou wè? Epitou 1 Korentyen 14: 34, "Ke fam yo gade silans nan legliz yo, paske yo pa pèmèt yo pale, piske yo òdone yo pou demere an silans; menm jan Lalwa di I tou." Men, jodi a, kisa legliz fè? Yo fè manzè pastè, evanjelis, alòske Bib la entèdi sa konplètman. E Bib la di, "menm jan lalwa di I tou," pou rann sa an kontinwite, tout bagay la nèt.

184 Jis menm jan Ayo a te ye, yèswa, sèl plas adorasyon anba San Ayo a ki te vèse. Se sèl plas la jodi a, nan Kris. Sèl fason ou ka fè I se vini nan Li. Se sèl plas pou adore. Se te toujou fason sa. Sèl plas pou adore se anba San ki te vèse a.

185 Kidonk la nou wè tout tablo a nèt k ap deplwaye pou nou. Men manzè. Se poutèt sa Bondye pap kite I anseye, pap kite I fè anyen nan legliz ke pou chita trankil avèk figi I vwale.

186 Kounye a èske nou ka wè poukisa m te di epi fè bagay m te fè yo, konsyan de tout bagay sa yo nan kè mwen, frè, sè? Mwen konnen, sè m yo, mwen...ou gen plas ou (jis yon moman), ak karaktè mèveye sa ke Bondye ka fasone nan ou. Men mwen jis ap eseye pale pou lòt kote a, pou montre an reyalite ki kote w soti, "nan kòmansman an." Jezi te di nou pou "retounen nan kòmansman an," pou jwenn sa. Se sa n ap fè.

187 Bon m te oblige touche pwen enpòtan yo sou anpil nan bagay sa yo, e mwen espere ke nou konprann li. Epi nou menm moun yo ki va koute bann sa, m espere ou va konprann. Jis retounen dèyè. Se sèlman pou montre ke Jezi te di, “Retounen dèyè, apati de kòmansman an, pou dekouvri.” Pou tout bagay, retounen nan kòmansman. Ou ka wè l, jodi a.

188 Enben, pèp la, yo di ke m se yon moun ki rayi fanm. Sa trè lwen Verite a. Mwen pa sa. Yo rele m, “Yon moun ki rayi fanm.” Sonje, yo te rele Pòl yon moun ki rayi fanm. Yon fanm predikatè, sa pa fè lontan, te di, “O, ou tankou Pòl nan tan lontan, tou sa l te konn fè se te mete pou fanm yo.”

189 Yon sen Bondye, ke yo te pèmèt ekri Bib la, Nouvo Testaman an, epi w ap kesyon Pawòl li? Li te di, “Si yon Anj ta sot nan Syèl pou anseye yon lòt bagay ke Sa m te di, ke L modi,” blyie zafè yon fanm predikatè a.

190 Yo te di ke Eli se te yon moun ki rayi fanm. Li pa t yon moun ki rayi fanm, vrè fanm lan. Li jis pa t renmen Jezabèl sa yo.

191 E si se konsa, alò sa dwe Bondye sa dwe menm bagay la, paske Li se Pawòl ki te vin jwenn pwofèt yo. Kidonk sa dwe Bondye, menm jan an, konsa, ou wè, Li konn kreyasyon orijinal la, “depi nan kòmansman an.” Li te di, “nan kòmansman an.” Yo te pwofèt ke Pawòl la te al jwenn.

192 E Li te fè manzè pou lòm e pa lòm pou manzè. Èske nou te konn sa, “Fanm lan te fèt pou lòm, e non lòm pou fanm lan”? Konbyen moun ki konn sa? Bib la anseye sa. Dakò. Yo te ba l yon plas nan lòm, anvan chit la, egal sou tout kreyasyon an. Men “apre” chit la, kounye a n ap antre nan sijè a. Men “apre” chit la, li te vin chèf li, manzè dwe gade silans nan tout sijè yo, la apre kòmansman orijinal la te fini.

193 Jezi di, “Sa pa t konsa depi nan kòmansman.” Sa se lè tan te kòmanse, lè bondye te fè l dabò nan kreyasyon orijinal Li a. Tout moun ki konprann, di “amèn” ankò. [Kongregasyon an di, “Amèn”—Editè a.] Nan kòmansman Bondye te kreye sèlman yon mal ak yon femèl. Men la fanm lan te fèt diferan de animal yo, tout lòt animal yo, pou sedui. Bon obsève kounye a, “Se pa t konsa nan kòmansman an.” Yo te fè l, si l te rete nan kondisyon orijal la, li pa t ap

jamn chite. Men li te koze chit la ak entèripsyon ki te brize tout kontinwite Bondye a nèt, e li te voye lanmò, tristès, ak tout lòt bagay, sou tè a. Manzè te fèt fason sa.

194 Kounye a remake. Bon, *apre kòmansman an, apre kòmansman an, apre tan te kòmanse, laba la, se te Letènite, sa te fini*. Remake, apre ke Èv te fin lakoz chit la, apre chit la, li te nesesè pou yon lòt alyans te fèt. La sa pral sekwe nou, men m ap bannou Ekriti pou pwouve ke se Laverite. Kounye a remake chit sa, Jezi di...Bondye, nan kòmansman, te fè youn nan yon espès; men la, apre chit la, la nou pral pi lwen sa. Alyans lan se te ko-egal; men kounye a, apre chit la, gen yon lòt alyans ki te fèt. Kounye a manzè te sispan ap dirije avèk li, yo chak te dwe gen yon alyans apa.

195 Bon annou wè si se vre. Annou pran Jenèz 3, pou dekouvri si se vre, kounye a pandan n ap vanse, paske nou vle pozitif konsènan bagay sa yo, nou anseye epi mennen yo kòm egzakteman vre. Pou ke drèt la nou ka gen yon ti tan, paske nou pa twò lwen fen an kounye a, pou nou pran pati final sijè a, pou ap montre poukisa epi sa ki gen rapò ak divòs, e latrìye. Bon nan Jenès chapit 3, e n ap kòmanse la ak chapit 3 epi vèsè 16 la. Annou kòmanse nan vèsè 14 la.

*E Seyè a...di sèpan an, (la Li pral modi l), Paske w te—ou te fè sa, ou modi pami tout betay yo,...pami tout bêt chan yo, e ou va ranpe sou vant ou, e ou va manje pousyè tout jou nan vi w.*

*E Mwen va mete inimitye ant ou menm e fanm lan, epi ant semans ou e semans fanm lan; li va kraze tèt ou, e ou va blese talon pye l. (Pwomès la, “ki t ap vini atravè fanm lan,” Mesi a, pou racha a)*

*A fanm lan li te di,...*

196 Kounye a gade, bon men alyans ak sèpan an. Sa ki te, yo tout te kòrèk anvan sa, nan kòmansman an, oswa anvan kòmansman an.

*A fanm lan li di, M ap ogmante soufrans ou pi rèd lè w ap fè pitit; e se nan tristès ou va akouche timoun; e desi w va dirije sou mari w, e li va domine sou ou, (Yo pa ko-egal ansanm ankò ditou)*

197 Kounye a manzè te jis vire tounen e se li k ap dirije.

*E a Adan li di, Poutèt ou te koute vwa madanm ou, pou manje nan pyebwa, ke m te ba w lòd, pou di w, Piga w manje...l: tè a va modi (se pa modi Adan, la) ke tè a modi pou ou; se nan soufrans ou va manje tout jou nan lavi w;*

*Pikan...ak pengwen se sa l va pwodui ba ou; e ou va manje fèy ki pouse nan chan yo;*

*E se ak swe nan figi w ou va manje pen pa w, jouk ou tounen nan tè; paske ladann-ladann ou te soti: ou se pousyè, e ou va retounen nan pousyè.*

198 De alyans. Bon sa fèmen chapit “kòmansman an,” konsènan sa Jezi te di a, “Se pa t konsa nan kòmansman an.” Nou gen yon lòt alyans la. Remake, se yon lòt alyans. Bon gen yon alyans pou vrè pwodui a, e youn pou pwodui derive a. Remake, chit la te mennen latwoublay, lanmò, pou chak kreyati nan kreyasyon an, pou fè yon diferans nan tout lanati. Kounye a annou konsidere sa Jezi te di konsènan “Nan kòmansman se pa t konsa.” Bon se pa t konsa “depi,” men se sa kounye a se sa “apre” kòmansman an. La gen yon doub alyans.

199 An premye te gen jis yon alyans, Adan ak Èv te ko-egal, yon nonm ak yon fanm. Kounye a fanm lan te peche, e (kisa manzè fè?) sa te plonje yo tout nan lanmò, e Bondye te oblige fè yon alyans poutèt sa, yon lòt alyans. Men ni drèt la nan Jenèz 3:16, Li te fè yon lòt alyans.

200 Kounye a mond lan te dwe repeple, pa avèk kreyasyon orijinal Bondye a, tankou nan kòmansman an, pa avèk kreyasyon orijinal la, men avèk dezi seksyèl. Bon sa regle kesyon zafè “kòmansman an,” se pa vre? Nan kòmansman te gen sèlman yon nonm ak yon fanm, yon mal ak yon femèl; men lè manzè te franchi liy sa pou l te mennen peche sa, la mond lan te dwe repeple ankò, avèk sèks, pa avèk kreyasyon an; men avèk sèks. Ou wè ki kote fanm lan ye kounye a? Bon, men se fason sa ke mond lan peple jodi a, atravè fanm yo.

201 Se poutèt rezon sa Jezi te dwe vini atravè fanm lan, pou retounen sa nan kòmansman orijinal la ankò, san dezi seksyèl. Li ne de yon vyèj. Men, alelouya, pral gen yon tan kote se pap sèks ditou, men Bondye va rele pitit Li yo soti nan pousyè tè a, retounen jan yo te ye nan orijinal la, pa atravè ankenn fanm; men atravè modlaj ajil la ak limyè kosmik, ak petwòl, Li va kreye ankò jan L te fè pou Adan premye fwa a. Jezi te rann sa posib, poutèt Bondye te fè Tèt

Li vin yon Nonm pou vin nan mond lan pou L te ka mouri, atravè fanm sa. Kounye a se tan tès la, avèk zafè peche.

202 Kounye a ou wè la, “apre” kòmansman an, te gen yon lòt bagay ki te entwodui. Kounye a sa pral choke nou. Èske nou fatige? [Kongregasyon an di, “Non”—Editè a.] Jis ret chita trankil jis on tikras pi lontan.

203 Apresa lè doub alyans lan te fin fèt ak lòm ak fanm lan, atravè sèks, yon lòt alyans ansam (pa alyans orijinal la, men yon lòt alyans), kounye a kisa k te entwodui? Poligami, tout kote. Apresa, apre kòmansman an, poligami te entwodui alafwa pami lòm e pami bêt yo; apre kòmansman an, chit la. Bondye kounye a, an dezyèm pozisyon, tabli yon nouvèl nati ankò, ak sèks. Bondye te kreye premye a san sèks. Èske nou kwè sa? Kounye a se yon lòt alyans avèk lanati, Li tabli yon lòt fason pou fonksyone, pa sèks. Dezyèm alyans: yon mal, plizyè femèl; yon sèf mal, tout yon arèm sèf femèl. Èske se vre? Yon bèf mal, tout yon twoupo betay, femèl bèf; yon kòk, yon baskou chaje ak poul. Èske se vre? Yon David, selon Pwòp kè pa L, avèk senksan madanm; ak yon santèn timoun ki vin de li, nan yon lane, ki vin de diferant fanm, hmm-hmm, yon nonm selon pwòp kè Bondye. Yon Salomon, avèk mil madanm. Men remake la, se pa t konsa nan kòmansman an, men kounye a se “apre” kòmansman an. Se fanm lan ki te fè sa, alò li jis te vin sa I ye kounye a. Ou wè?

204 David, wa ki te reprezante Kris la! Kenbe sa nan panse w. David te reprezante Kris. Èske w kwè sa? Kris t ap etabli...ta pral chita sou twòn li an. E David sa, yon nonm selon Pwòp kè Bondye, li te gen senksan madanm. Ou wè sa m vle di a? David avèk senksan madanm li yo, Salomon avèk mil pa I yo. E Salomon se pitit David, nan natirèl; ki reprezante Jezikri, Fis de David la, nan espirityèl. Men sa li menm li natirèl, vi seksyèl. Sila Li menm pral espirityèl, ki te kreye, wi, kreye. Ou wè? Se fason sa sa te ye nan kòmansman an, men pa kounye a nan vi sa ke n ap viv ladann kounye a.

205 Remake, piga nou manke sa kounye a, fè I desann fon nan kè nou. Men pa menm youn nan fanm sa yo te ka menm gen plis ke yon sèl mari. Misye se kreyasyon orijinèl la, pa manzè. Pa menm youn nan fanm sa yo te ka gen yon mari an plis, men sèl mari sa te ka gen mil madanm. Sa se ENSI DI SEYÈ A. Sa se Bib la. Kounye a mwen te retounen dèyè, m te pran

tan m pou montre nou laba kote sa te kòmanse, sa Jezi te di a. Kounye a èske w wè l aklè? Yo te ka gen otan...

206 "O," ou di, "sa se te jis pou Izrayèl." Se vre?

207 Lè Abraham te mennen Sara anba nan peyi Filisten yo, te gen yon wa anba la ki te rele Abimelèk. E Sara te gen santan, bon jan laj, men li te chanje tounen yon jèn fanm e li te bèl. Èske nou konn sa? [Kongregasyon an di, "Amèn."—Editè a.] Dakò. Abimelèk te vle manzè pou madanm li. Nou sonje Mesaj mwen an sou sa? Abimelèk te vle pran Sara kòm madanm. Pwobableman li te gen yon arèm, men li pa t ka pran l si l te marye avèk Abraham. Kidonk Abraham te di Sara, "Di ou se 'frè mwen,' paske l ap touye m pou l ka pran w." Poukisa li pa t jis chase Abraham soti nan peyi a epi pran madanm li an epi al fè wout li? Non sèlman te gen yon lwa pou kwayan yo, men pou tout pèp nan kreyasyon an. Pechè ou sen, ou responsab, ou menm lòm, pou zak sa yo. Men yon wa payen. Konbyen moun ki konnen ke istwa sa vrè? ["Amèn."] Se Bib la, Jenèz, apeprè chapit 16 la, mwen kwè.

208 Nou remake, Abimelèk te ka pran l kòm madanm. Li t ap prepare l pou pran nouvo jèn fi Ebre sa. E li te di, "Sa se m..." Manzè te di, "Se frè mwen."

Li menm te reponn, "Se sè m."

209 E Abimelèk te di, "Alò m ap jis pran l kòm madanm." Èske w ka imajine yon nonm ki t ap fè yon bagay konsa? Men li te fè l.

210 E alò nwit sa, pandan li t al dòmi, Seyè a te parèt a li nan yon sonj, e Li te di, "Abimelèk, ou pa vo plis ke yon nonm ki mouri." Li t ap proteje sa, liye san Jwif sa la, ou wè. Li te di, "Ou pa vo plis ke yon nonm ki mouri. Ou gen madanm yon lòt nonm ke ou sou pwen marye."

211 Li te reponn, "Seyè, ou konn entegrite kè mwen." Li te di, "Èske manzè pa t di m ke se te 'frè' l? Èske li menm pa t di, "Se sè m?"

212 Li te di, "Mwen konn entegrite kè w, se pou rezon sa Mwen pa t ap pèmèt ou peche kont Mwen." Èske se vre? Li te di, "Retounen ba l madanm li, paske nonm sa se pwofèt Mwen. E amenske ou retounen madanm li ba li...E kite l priye pou ou, pa prêt ou yo. Si l pa priye pou

ou, tout nasyon w lan fini.” Amèn. Men gras etonan an. Dakò. “Tout nasyon w lan nèt fini. Se madanm nonm sa, e li se pwofèt Mwen.” Amèn. Sa se ENSI DI SEYÈ A. Sa se Lèzekriti. Dakò.

213 Kounye nou jwenn, sa te koze lanmò. Lanmò se koz peche fanm lan, sa te vin atravè fanm lan pa lòm. Pa fason I ap viv vi li a, e pa li menm, tout lanmò vini. Fason pa I pou bay lavi se lanmò. Konbyen moun ki konn sa? Jòb 14, si w vle make Ekriti sa.

214 M gen, si nou doute de sa, mwen note Ekriti yo pou tout pwen sa yo.

215 Si nou vle li Job 14, la a, Li di: “Moun ki fèt nan vant fanm, lavi nou kout, e li chaje pwoblèm.” Pa vre? “Nou parèt tankou yon flè. Epi lamenm nou fennen.” e ensidswit. Wè? Tout moun ki fèt nan vant fanm, nou fèt nan lanmò osito ke nou vin nan mond lan.

216 Men lè li fèt nan kreyasyon Bondye, li pa ka mouri; li vini de lòt Pyebwa sa a ki te nan jaden Edenn lan, Kris. Lavi Etènèl vin de Pyebwa a.

217 “Oh,” nou di: “Li te yon pyebwa?” Sèten. “Ebyen, yo di: ‘Ou pap manje nan pyebwa sa a.’ Bondye di, nan Jenèz lan, la a: ‘Ou pap manje nan pyebwa sa a.’”

218 Ebyen, fanm lan se pyebwa a. Li se pyebwa ak fwi a. Ou se fwi manman w. Fwi sen an se oumenm. Se vre. E apresa, fwi Pyebwa Lavi a, ki te nan jaden Edenn lan, se Kris. Lanmò an vini atravè fanm lan; Lavi a vini atravè Lòm, nan kreyasyon orijinal la. Lè ou fèt apati de yon fanm, se lanmò; lè ou fèt apati de Kris, se Lavi. Nou konprann ide a? Men kote. Kounye a nou wè kote deyès yo ale, pa vre?

219 Premye Adan e Èv yo te tip dezyèm Adan e Èv yo, wè, miltiplikasyon an. Kounye a, miltiplikasyon Adan e Èv la te fèt pa seks, pou ranpli latè a, men li pat konsa nan kòmansman an. Bondye te jis fè yon nomm ak on fanm, jan Li te fè I la pou lòt bët Li yo, wè, li te legal, menm jan ak Legliz la.

220 Kounye a, annou konsidere Verite Bondye sa yo ki konfime, annou chache pi lwen, si nou dakò. [Asanble a di: “Amèn.” -Ed.] Trè byen. Kounyea, sa ka fè mal on ti kal, jiskaske nou rive nan fon bagay la; men m pral jis montre nou ke se Verite.

221 Pa gen predikatè ki ka marye yon vèv. Èske nou te konn sa? Nou vle li sa? Trè byen, pran Levitik, Levitik 21:7 epi Ezekyèl 44:22, e Lap montre nou ke sasèdos la pat dwe marye yon fanm ke yon gason te manyen. Sa se tip Epouz vyèj Jezikri a, paske sakrifikatè yo, pitit Arawon yo, se yo ki te manipile Dife Bondye a. Nou pa gen tan li tout, epi soti la anvan midi, nou gen ven minit ankò. E yo menm se pitit Arawon ki te manipile Dife Bondye a-a-a, alò yo pat ka marye yon lòt fanm, epi yon fanm ke yon gason te manyen, ki montre sou fòm de tip isi a, si nou vle wè I, ke Legliz Bondye vivan se Pawòl Bondye a ki pi, san melanj, e non pa yon denominsayon ki te manipile pa lòm.

222 Note, annou li I la a. M vle fè nou konprann sa. Matye 5, Jezi pale de yon bagay la a ki vrèman enpòtan. Nou vle wè I, Matye 5. Mwen ekri sou...

223 Mwen te note kèk bagay ke m ta pral di gason yo sèlman, alò li pat fasil ditou pou di I devan sè nou yo. Men m vle ale-ale la a kounye a anvan...

224 Kounye a, sè, mwen vle mete nou nan plas kote Pawòl Bondye a pwomèt nou , lè sa a nap wè tou, e nap rete nan plas sa a.

225 Matye 5:32. Mwen vle nou remake la a, pou apiye menm ide sa a de “youn” e “anpil”. Matye, trant-...M panse ke se Matye 5:32, nap kòmanse avèk vèsè 31.

*Yo te di: “Si yon nonm vle kite ak madanm li, fòk li ekri I yon papye divòs:*

226 Se Jezi kap pale, Limenm ki di: “Depi nan kòmansman.” Kounye a gade.

*Men mwen menm, men sa map di nou: Yon nonm ki kite ak madanm li, si se pa...pou lenkondit, nonm sa a lakòz madanm lan fè adiltè;...(wè) yon nonm ki kite ak madanm li, si se pa...pou lenkondit, nonm sa a lakòz madanm lan fè adiltè: (Poukisa? Lap marye ankò.) epi yon nonm ki marye ak yon madanm mari I' kite I', li fè adiltè tou.*

227 Wè, li gen yon mari ki vivan, alò okenn gason ka marye avè I. Kèlkeswa sa lap fè e kiyès li ye, li gen yon mari ki vivan, pa gen okenn rezon pou li. Men, se pa menm bagay pou gason an. “Fè I komèt”, pa gason an. Nou konprann? Nou dwe kenbe Pawòl la nan kontinwite

li. Wè, pa gen anyen ki di ke gason an pa kapab, men fanm lan pa kapab. Wè, "fè I komèt", pa gason an. Se egzakteman sa Bib la di: "Fè I komèt". Li pa endike ke gason an pa ka remarye, men "fanm lan". Poukisa? Se tip Kris la.

228 Remake, li endike ke li pa ka remarye, a mwens ke se yon vyèj. Li ka remarye. Li ka ma-...li ka remarye ankò si son vyèj, men li pa ka marye fanm on lòt moun. Non annefè. E si l marye on fanm divòse, lap viv nan adiltè, kèlkeswa kiyès li ye. Bib la di: "Kèlkeswa moun ki marye yon fanm divòse, lap viv nan adiltè." Men li, divòse pa ladann.

229 Kounye a, èske nou wè sa ki te orijinal la lòt bò a, "nan kòmansman an"? Remarye, kounye a remake, limenm li kapab, men fanm lan pa kapab. Tankou David, tankou Salomon, tankou tout Bib la nan kontinwite l. Donk, tankou David ak tout lòt yo.

230 Kounye a nou remake nan 1 Korentyen 7:10, remake, Pòl bay lòd a fanm lan ki, ki divòse ak mari l, pou l rete poukont li ou byen pou l rekonsilye, pou l pa remarye. Li dwe rete poukont li, oubyen pou l rekonsilye ak mari l. Li pa ka remarye. Li dwe rete poukont li, men, remake, li pa janm pale de gason an. Wè, ou pa ka fè Pawòl la bay manti. "Nan kòmansman an", lwa sèks la atravè poligami. Kounye a, Pawòl Bondye a fidèl avèk nati Bondye a, li nan kontinwite.

231 Gade kijan gen yon lekòl ki ale a lès, epi lòt la ale a Iwès, sou kesyon sa a? Ou dwe retounen nan Verite a, pou dekouvri sa l ye.

232 Li te toujou konsa, se alyans nòmal la avèk Bondye depi nan kòmansman an. *Dabò*, anvan kòmansman an, depi nan kòmansman an te gen jis youn ak youn. *Apresa peche a vini*, te gen yon gason epi on gwoup fanm; se konsa nan nati a, tout bét, epi èt imen yo avèk chè natirèl la, se bét yo ye. Nou se mamifè, nou konn sa, nou tout, wè, e tout sa se nati Bondye nan kontinwite l.

233 Men kounye a So yo louvri, Lespri Verite a gide nou vè Pawòl la. Se sa ki eksplike poukisa tout erè yo te fèt atravè laj yo, paske So yo pat louvri, Bagay Sa a pat revele. Se vre.

234 Remake, nou, nou pa ka twonpe lè nap swiv lonbraj yo. Kòm mwen te preche nou li yè swa sou sijè de lonbraj la ki atè a, li dwe byen soti. Kijan fè ka gen yon lonbraj on elefan

atè a, epi pou se yon ti bout tonton tou chèch, ki koresponn a elefan sa a, oubyen elefan an ki koresponn a yon bout tonton tou chèch.

235 Kounye a si nou vle obsève I nan on tip parfè.

236 Kounye a, gen yon vre fanm, on vre fanm, vyèj, ki marye ak mari I, epi kap viv, epi li son benediksyon pou gason an. Si Bondye te ka bay pitit Li yon bagay ki pi bon pase yon madanm, Li t ap ba li I.

237 Men li fèt pou zak seksyèl la, e pa gen lòt bét ki fèt konsa. Okenn lòt kreyati sou latè a fèt konsa. Se pou rezon sa a ke nou wè poligami, poutèt sa a. Se sa ki te entwodwi I.

238 Kounye a gade, nan dènye analiz la, gade, gen yon Jezikri (pa vre?), yon Nonm, Bondye, Emayèl. Èske nou kwè sa? Men manm Madanm Li yo anpil, wè, milye de milye de milye ( pa vre?), Madanm Li, Epouz Li. Nou konprann kounye a?

239 Se poutèt sa Li di Adan, anvan menm ke sèks la te janm pratique oubyen prezante, "Miltipliye, pou ranpli latè a", alò ke I te ankò nan kòmansman an, alò ke I te ankò mal e femèl nan limenm. Alò, sa montre donk ke Epouz la dwe vini pa Pawòl la, pa miltiplikasyon espirityèl, pa miltiplikasyon, wè, pou ranpli latè a.

240 Kounye a nan zak seksyèl la, wè, lekòl yo konfonn de bagay sa yo. Se poutèt sa, nou pa ka fè sa, nou dwe retounen a Verite a, "nan kòmansman an".

241 E nan fen an ap gen on sèl Seyè Jezi, epi Epouz Li plizyè, sengilye. Nou konprann? Te gen yon David sou yon twòn, yon wa (selon kè Bondye) avèk senksan madanm. Jezi chita sou Twòn Li (Alelouya!) nan Mileniyòm lan, avèk on Epouz; menm jan nan kòmansman an, ki kreye de latè a, pa men Bondye Tou Pwisan an, nan rezirèksyon an, de plizyè manm. Men li.

242 Medam, batay pou nou konsa, antre nan Kris, alò nou pap nan dezòd sal sa a deyò a. Men osi lontan ke nou jis on manm legliz kap ese ye viv on bon vi, on vi moral, noumenm, nou pap janm rive. On moun pa ka fè I non plis andeyò Kris. Jan Pòl te di answit: "Pa gen ni gason ni fanm, men la a yo nan Kris". Yo tout fè youn.

243 Men pou nou klè sou késyon *Maryaj Ak Divòs* sa a, pou nou sa konnen sa ki byen e sa ki mal, Li montre I klè isi a nan tip sa yo. Gen yon sèl Kris, e plizyè manm Epouz sa a. Remake, Li ka rejte nou poutèt fònikasyon espirityèl e fos doktrin, lè Li vle; men kijan nou fè oze eseye rejte Li, epi nou panse nap rive? On gason ka divòse ak madanm li epi marye yon lòt; men madanm lan pa ka divòse ak mari li epi marye yon lòt. Nou wè tout lonbraj yo epi tout tip yo ki parfètman balanse? Nou wè kreyasyon orijinal la; pa pwodwi derive a okenn kote. Pa legliz la; Epouz la atravè Pawòl la. Pa fanm lan; men gason an, chak fwa. Se poutèt sa li pa janm ke gason an pa ka fè I; se toujou fanm lan. Se egzakteman sa.

244 Men li ka Epouz Kris la, an etan... Epi sonje, kòm li yon pati de yon gason, Bib la deklare ke I ka sèlm-... “Sepandan Mwen pa bay fanm yo dwa anseye, ni pou yo pran okenn otorite, men se pou yo rete an silans. Paske Adan te kreye anvan, epi apresa Èv. E se pa Adan ki te twonpe, men pwodwi derive a te twonpe. se fanm lan ki te dezobeyi lòd Bondye. Sepandan, lap sove si li pèsevere nan la sentete e nan modesti, e nan fè pitit, e tou”, paske nan moman sa a, li vin on pati de gason sa a. Se sa ki fè...

245 Poukisa Abraham pat... Poukisa Bondye pat touye Sara, ki te chita la a, ki te nye, epi ki te manti nan figi Bondye? Li chita la a tankou yon Moun mòtèl, Li tap manje vyann, Li tap manje pen, Li tap bwè lèt, epi Li di: “Poukisa Sara ri dèyè la a”, li te dèyè L, nan tant la, Li pat janm wè I, “li di: ‘Kijan bagay sa yo posib?’”

246 Li di: “M pa janm di sa!” Oh ooh lala! Di Bondye ke Li son mantè, nan figi L? Men Li pat ka reprann li. Poukisa? Li fè pati de Abraham. Amèn. Li pat ka fè I mal san Li pa fè Abraham mal.

247 Kounye a, noumenm, medam, nou wè kote plas nou. E Bib la di: “Noumenm medam, fè tankou Sara, ki te abiye yon jan desan, ki te lwayal e fidèl a pwòp mari I, ki te renmen tèlman ke li... li te rele I seyè mwen”, chèf li; pwopriyete I.

248 E kèk nan nou, medam, ki mete vye rad sa yo epi ki soti la a pou jete kò nou devan nonm. Jezi di: “Si yon nonm gade yon fi avèk lanvi, li deja fè adiltè avè I nan kè I.” Alò kiyès ki koupab, nonm lan oubyen oumenm? Li son mal, li fèt pou asime zak sa a, wè; e oumenm, ou se femèl la, ki ta dwe refize.

249 E poukisa ou soti abiye konsa? Se pa poutèt konfò, ou konnen trè byen li pa ka sa, alò ke ou prèske mouri fredi avèk bout pantalon sa a. Wè, li pa ka poutèt konfò. Alò kisa l ye? Se pou salte! Ou pa vle admèt li, men se Bib la ki di sa. Se Verite a. Se yon lespri enpur ki nan ou. Ou pa vle enpur, men ou pa reyalize ke ou enpur espirityèlman, paske ou prezante tèt ou nan yon tenu enpur.

250 Kounye a, yon nonm, avèk vye jenou li sal, e si l pat gen rad sou li ditou, sa pat fè okenn diferans, kò li pa atiran. Poukisa? Li te nan kreyasyon orijinal la, karaktè a; se sa ki ta dwe la a, wè. Men, ou se pwodwi derive a, ki sèvi pou atire.

251 Bondye, gen pitye! Oh lala, mond peche sa a! Map kontan lè sa ap fini.

252 Remake, Li ka ranvwaye madanm Li lè L vle, men limenm, li pa ka ranvwaye L; Li ka fè m, Li ka voye m nan pousyè a chak fwa ke L deside fè l, men, oh, frè, pito m pa janm eseye jete L la, mwen fini.

253 Salomon te ka marye nenpòt ki fanm ki pat marye, li te ka marye nenpòt fanm ke l te vle. On prêt te ka jis marye yon fanm ki te vyèj. Salomon...

254 Tankou David, li te marye (kijan l te rele?) Abigayèl. Te gen on nonm ki te rele “fou”, ki te gen yon bèl madanm, epi l mouri. Epi Abigayèl te vin marye avèk David; li te yon wa, pa yon prêt, wè, alò li-li te marye.

255 Men yon prêt pat ka fè sa, paske l te manyen oubyen te pran pou madanm on fanm ki te déjà madanm on lòt nonm. Alò sa montre vijinite Legliz Seyè Jezikri a, Epouz la ap dwe Pawòl la, san melanj, pa yon sèl Pawòl ki manke okenn kote. Sètènman. Èske ou ka imajine yon epouz nòmal, ki tap manke yon sen, epi lòt la tap gen yon bagay ki pa sa, ou konnen? Se pa konsa Epouz Kris la ap ye. Li parfè. Li Pawòl la an antye, pa yon sèl Pawòl ki manke okenn kote. Non.

256 Remake, Limenm Li ka ranvwaye l, men fanm lan pa ka ranvwaye Li. Li fè l, e Li pwouve l, nan épòk Luther, Wesley, epi Pannkotis, lè yo refize vin on pi gwo pati de Limenm, atravè yon rapò seksyèl espirityèl, kote yo tap ansent pa yon pi gwo pati de Pawòl la. Nou konprann? Li refize. Legliz literyen a refize ke Kris gen plis dezi pou li; Luther refize l. Epi kite

m di sa, nou pral trete m de yon bagay kanmenm; se menm bagay la jodi a pou yo chak, yo pa aksepte Pawòl la, yo refize Kris!

257 Epi tout fanm ki refize bay on nonm yon timoun, li pa gen dwa madanm li. Amèn. Nou sonje, nan Bib la, lè wa a te marye ak Estè? Paske larenn te refize, li jis jwenn on lòt. E lè... Kisa ki te pase lè li te refize soti avèk wa a epi obeyi li? Se menm bagay la pou yon fanm ki refize vin madanm mari li.

258 E se menm bagay la pou legliz la ki refize ansent, nan laj ke nap viv kounye a, pou pwodwi timoun laj sa a. Nou pa Literyen, nou pa Wesleyen, e nou pa Pannkotis non plis! Nou dwe vin timoun laj sa a, pa fekondasyon Pawòl Bondye a, pou pwodwi yon Timoun laj sa a, Timoun Semans. Amèn. M espere nou konprann. Li pat ka ansent, non, alò kisa L fè? Li ranvwaye li, divòse avè l. Se vre. Men piga fanm lan oze ranvwaye Li. Se Limenm ki ranvwaye l.

259 Li kontinye revele Pawòl Li a Kò a, epi Li konfime Limenm ke se byen Li. Timoun Li yo kòmanse sanble avè L de plis an plis, paske bagay Sa pran matirite, otreman di, yo vin pitit Pawòl la, non pa pitit legliz. Pitit Pawòl la! E Epouz la ap on bèle ti Dam de Pawòl la, san melanj, ke okenn òganizasyon moun, okenn tewori lònm, te manyen. Lap Epouz Pawòl la ki san melanj! Amèn e amèn! M espere nou konprann sa, nou menm kap tande lòt bò a. Lap pitit fi Bondye ki ansent.

260 Nou wè ki gwo onè fanm lan ka ye? Nou wè ki gwo bagay legliz la ka ye, men nou wè ki bò salte a mennen li? Alò eseye konpare legliz sa a avèk Legliz isi a, ou pa ka fè l. Epi eseye konpare pwostitye a avèk Legliz Bondye vivan an; oubyen fanm lan, fanm lan ki bon, avèk on pwostitye?

261 Poukisa gen bagay konsa? Se yon Iwa Bondye, Iwa kontras. Kijan nou ka pwofite de limyè jounen a si pa gen aswè? Kijan nou ka pwofite de tan sèk si pa gen lapli? Kijan nou ka apresye epi respekte yon vrè fanm, si pa gon fanm ki sal?

262 Li kontinye revele Li, revele Pawòl Li, men piga pèsonn pami nou oze eseye debarase l de Li epi marye yon lòt.

263 Kounye a sètènman sa parèt klè poukisa toude teyori yo fo. Ou pa ka pati nan direksyon sa, se fini; si w pati nan direksyon *sila*, w ap depase pwomès la. *Men* pwomès la, men bagay la isi a la. Pawòl la pa gen okenn kontradiksyon. Li dwe gade kontinwite Li alò, menm jan Matye 28:19 pa kontredi Ak 2:38.

264 Bon, kèk nan nou fanm yo, kèk nan nou gason yo, mwen–mwen konnen nou–nou pa dakò avèk Sa. Paske, nou konnen, nou pa ka kache sa kounye a. Nou pa kapab.

265 Men kite m jis montre nou on bagay. Si Matye 28:19 di: ``Ale, fè disip nan tout nasyon yo, batize yo nan Non Papa a, Pitit la, ak Sentespri a,`` e yo te fè demitou, epi tout moun ki te janm batize te batize yon fason kontré avèk sa, yo te batize nan Non Jezikri, menm diran tout laj Bib la epi pandan twasan lane apre laj Bib la, jouk Konsil Nise a. Alò olye de sa yo te adopte dògm. Ki diferans sa ka fè, si li pa revele?

266 E èske w konnen ke tout Liv la nèt, tout Bib la, se yon revelasyon? Se konsa ou dwe konnen laverite ant sila ak lòt la, se paske Se yon revelasyon. E revelasyon an dwe egzakteman konkòde ak Pawòl la, pa an kontradiksyon ak Pawòl la. Ou va di: ``Ebyen, mwen, li te revele a mwen menm.`` Alò si sa kontré ak Pawòl la, li pa janm soti kote Bondye. Se egzak.

267 Kounye a si nou vle pran Mat-... Matye 16:18. Jezi di, Limenm, ke tout Legliz la, Legliz pa L, pral konstwi sou revelasyon espirityèl de Limenm, ki se Pawòl la. ``Mwen di w, ke ou se Pyè... se pa ni chè ni san ki revele sa ba ou, men se Papa M ki nan Syèl la ki fè sa pou ou. Epi sou wòch sa a...``

268 Bon, mwen konnen, zanmi Katolik nou yo la, nou di: ``Li te bati sou Pyè, e Pyè apot la, kifè, *Entèl entèl*, avèk apwobasyon, siksesyon apostolik.``

Pwotestan yo di: ``Li te bati sou Jezikri.``

269 Se pa pou m diferan, men jis pran sa Li te di! Li di: ``Se pa lachè ak san ki revele sa pou ou, men se Papa M ki nan Syèl la ki revele sa pou ou. E sou wòch sa`` (revelasyon espirityèl de sa Pawòl la ye) ``M ap bati Legliz Mwen; epi pòtay lanfè p ap janm ebranle L.`` Madanm Li p ap tonbe ak lòt gason. ``M ap bati Legliz Mwen, epi pòtay lanfè p ap janm ka ebranle L.``

270 E Abèl ak Kayen, nan jaden Edenn lan. Kayen fè pwòp konsepsyon pa I, li di: "Bon, tande, Bondye se yon Bondye ki bon. Li anlè tout lanati, alò m pral pran pwa ak pòmdetè, e m pral chache flè, epi mwen pral fè pou Li yon otèl ki trè bèle." Sa son legliz. Li mete I ajenou. Li te kwè Bondye. Li te adore Bondye, leve men li anlè, epi ofri sakrifis. Li fè tout bagay reliye ke Abèl te fè.

271 Abèl te bati menm kalite lotèl la. Men lè Abèl te pote pa I la, li te pote yon ayo. Kounye a, Kayen te panse ke, nan fè yon antidòt pou peche, ke papa I ak manman I dwe te manje fwi, jan yo te anseye yo nan jaden sa a. Men Abèl, pa revelasyon Diven, te konnen ke se te san an ki te fè I. Pa revelasyon Diven! E Bib lan te di nan Ebre, chapit 12 lan, chapit 11, ke: "Abèl, pa lafwa," (revelasyon) "te ofri bay Bondye yon sakrifis ki pi ekselan pase Kayen, se pa li ke Bondye te temwaye ke li te jis." Èske se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Amèn! Frè, sè, sa jis klè menm jan ak nenpòt bagay ka ye, pou mwen. Men tout bagay la.

272 Kounye a sou *Maryaj Ak Divòs* lan, ou wè, sa dwe revele. Jiskaske sa revele, nou pa konnen I. Men Li te pwomèt nan dènye jou yo, nan laj sa a, ke chak mistè ki kache nan Bib lan tap revele. Konbyen moun ki conn sa? Revelasyon, chapit 10 la! Jezi te pwomèt sa, ke tout mistè kache sa yo sou—sou *Maryaj Ak Divòs*, tout lòt mistè kache sa yo ki te, tap revele nan tan lafen an. Kounye a nou sonje, Vwa an te di: "Ale Tucson." Sonje Limyè mistik la nan syèl la; setyèm Anj lan ki te kanpe la a; tounen, epi ouvèti Sèt So yo? Gade kisa k te pase. Sa se vre.

273 Kounye a jis on ti kal pi lwen. Men kounye a, koute! Mwen konnen tan an ap rive pou nou al manje, men m ap jis manje byen. [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

274 Remake, kounye a, fanm lan gen plas li, epi li se yon bijou. Salomon, nonm sa a ki te gen di mil madanm...oswa te gen mil madanm, pito, li te di ke: "Yon nonm ki te jwenn yon madanm, te jwenn yon bon bagay." Li te di: "Yon bon fanm se yon bijou nan kouwòn li," se yon lonè. "Men youn ki pa jis se dlo nan san li," se vi li. Li te di: "Te ka gen yon sèl nonm jis ki te jwenn nan mil," Salomon te di sa, "men," te di: "nou pa tap jwenn yon sèl fanm jis nan mil." Salomon te di sa, ou wè. Kounye a remake sa, ke kijan I ye.

275 Men, ou wè, fanm, ou se—ou se yon bijou si w vle yon bijou, men dezi a dwe vini de oumenm. E nou wè poukisa Maryaj Ak Divòs lan te ye, ke Jezi te montre anvan laba a, se te paske espès pa nou an te lakòz tout peche. Se pou rezon sa a poligami ak divòs, ak bagay, te prezante. Nan kòmansman an li pat janm konsa, e li pap konsa nan mond ki laba a.

276 Gade Jakòb, ke patryach yo soti nan li. Li te gen omwen yon douzèn madanm. Li te marye ak de sè, epi I te gen fanm konkibin ke, fanm plase ke li te viv avè yo. Epi patryach sa yo te fèt dwat sot nan fanm konkibin sa yo. Èske se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Ou wè, nou dwe fè Pawòl la mache byen.

277 O, m gen plizyè paj sou yo. Si yon klèje janm kesyone m sou sa, epi nou ta reyini ansanm, nou te ka pale sou sa. Men asireman, si li gen yon espirityalite menm, li ka wè isi a menm se Laverite. Pa gen okenn kesyon nan Sa.

278 Yon bon fanm se yon bon bagay. M konn sa. M konnen sa pa vrè fanm yo. M te rankontre vrè fanm ki otantik, jis vrè menm jan ak nenpòt nonm ki te janm mache.

279 Li se yon pwodwi derive ak yon moso nan li, e nan chit la li te koute I. Li jis...Li se yon pati nan li. Men, sa depann de li, li fèt pou I ka degoutan, e yo ba li dwa pou li refize oswa asepte. Sa kontrè ak nati orijinal la nan kòmansman an, ou wè, men apa nou.

280 Kounye a li midi, kidonk m ap jis pa pale de on bagay isi a pandan kèk minit. M vle mande nou on bagay.

281 Kounye a, sonje, m di sa a jis a gwoup mwen sèlman. E deyò nan lè a, m ap di sa sèlman a pwòp moun mwen kap swiv mwen. Mesaj sa a se sèlman pou yo, e sa m pral di isi a.

282 Nenpòt minis, li, se pa I, ya, li se bèje twoupo an, kite I fè kèlkeswa sa I vle a. Sa depann de li ak Bondye. Nenpòt prèt, nenpòt predikatè, sa depann de ou, frè m.

283 M sèlman ap pale isi a nan Jeffersonville, sèl plas kote m ta pale de sa, se paske se pwòp twoupo mwen. Se twoupo ke Sentespri an ban mwen pou konprann pou m siveyan li, e Lap kenbe m reskonsab pou sa. E moun pa m sa yo te konvèti isi a soti atravè peyi an, ke m

te kondwi bay Kris. E, timoun piti, mwen isi a pou ede nou, e mwen se zanmi nou. Nou te ka panse m pale kont nou; m ap di sa, ou wè, pou byen nou. M renmen nou. E si se pa sa, Bondye se Jij mwen. Nou konnen mwen renmen nou.

284 Sa se yon bagay ki trè serye, m pat konn kijan pou fè l soti. Kisa m pral fè, lè m gen gason ak fanm chita nan asanble m, kèk nan yo te marye de ou twa fwa? Bon gason ak bon fanm, tout melanje! Kisa k te fè l? Fo ansèyman, egzakteman, pa tann Seyè a.

285 “Sa Bondye te reyini ansanm, se pou lòm pa separe.” Pa sa lòm te reyini ansanm; sa “Bondye” te reyini ansanm! Lè ou gen yon revelasyon dirèk nan men Bondye, se madanm ou, epi menm bagay la, se pou ou, rès vi w. Ou wè? Men sa lòm reyini ansanm, nenpòt moun ka separe. Men sa Bondye reyini ansanm, li ta pi bon pou okenn nonm pa oze touche l. “Kèlkeswa sa Bondye reyini ansanm,” Li te di: “se pou okenn nonm pa separe.” Pa sa kèk majistra mwatye sou oswa yon lòt bagay mete ansanm, oswa kèk predikatè ki retrougrade ak yon bann credo nan yon liv, ki tap kite yo fè nenpòt bagay nan mond lan, epi Pawòl Bondye a poze la menm. Ou wè? M ap pale de sa Bondye te reyini ansanm.

286 Kounye a m pral di nou sa. M fè trè atansyon a sa mwen di nou. M pa vle di avè nou moun yo. M pa vle di avè nou, frè pastè mwen yo. M pa vle fè sa. Men mwen reskonsab, nan reyalize ke sa te bay nan men m. E si...M pa ka kenbe L. M pa konn kijan pou m fè L soti, e m konnen ke kasèt sa a ap fè l. O la la, m ap jis prepare, sèvis lan ouvri, paske men li vini. Ou wè?

287 Jis tankou sa te ye sou *Semans Sèpan An*, men sa te pwouve absoliman pou l vrè. M gen journal isi a menm, sot nan journal lan, kote fanm yo kounye a menm...e menm nan—nan gran an...Kèk nan gran dyosèz yo gen foto orijinal la, yon sèpan kap ranpe sou janm yon fanm, epi jis ladann kijan li fè tou li; li gen tout kalite sansasyon ak bagay, yon bagay yon nonm pat ka janm manyen l avè l, ak gwo tonton sèpan sa a kap vlope li, e latriye. Se egakteman laverite. E li pral pi mal ak pi mal, epi l ap vin pi mal. Sèpan, ke li pat sa...li pat ka gen relasyon sèks avè l lè l te yon sèpan, men sonje...

288 M te gen yon deba lòt jou an ak yon...pa yon deba, jis yon minis Asanble de Dye ak asosye, te di: “Ou antò, sou Sa.”

M te di: "Ebyen, m ka sa. M ta renmen pou w di m."

289 Li te di lè sa a, li t ale pi devan epi kòmanse pale sou sa. Premye bagay ou konnen, li te jwenn tèt li pèdi. E yon bagay li te di, li te di: "Frè Branham, kote espès sa ye? Bondye te di 'youn nan espès li.' Kounye a ki kote espès sa a ou te di ki te nan mitan lòm ak bét, ke lasyans pa ka jwenn kounye a? Kote l ye?" Te di: "Èske l sou latè? Èske li te yon chenpanze?"

290 "Non, paske san yon chenpanze pap melanje ak yon fanm, nanpwen lòt bét kap melanje avè l. Non, li pap fè l, nitou spèm yon nonm pap melanje ak—ak femèl la. Li pap fè l."

291 "Alò kote sèten bét sa a ye? Kounye a, Bondye te di: 'Se pou tout bagay pwodwi espès pa l.'"

292 M te tann jis yon minit. Epi dousè Sentespri an te di: "Di l: 'Li isi a.'"

Kounye a, an premye m te di: "Ebyen, li ka vin diferan."

Li te di: "Men, Frè Branham, sa, n ap pale de Pawòl la, se pa vre?"

293 M te di: "Wi, mesye." Epi m di: "Byensi, yo pretann ke lòt bagay yo, tankou dinozò ak—ak mamout, e latrìye, mamout, mamout, pito, yo diferan, e latrìye." M di: "Li te ka sa."

294 Li di: "Frè Branham, nap pale de prèv Pawòl la. Si peche isi a; alò, peche orijinal la, li ta dwe isi a tou."

295 Epi m di: "Seyè Jezi, Ou te di: 'Pa panse ak sa w va di lè ou vin devan lòm, paske y ap ba ou l nan lè sa a.' Seyè, kisa m va di? Li di: "Di l: 'Li isi a.'" Jis menm jan ke m wè vizyon yo sou lestrad la.

296 M di: "Li isi a," san m pa konn ki kote.

Li                          di:                          "Ki                          kote?"

E anvan m te ka menm panse, Li di: "Se sèpan an."

297 Se egzakteman sa l te ye, paske li pa yon bét ankò. Yo te modi l epi mete l sou vant li pou rès jou l yo. Li isi a. Èske se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] E toujou nan zak sa a ke l te fè a, toujou gen menm peche a ki aji nan viwonn yon fanm, tankou yon sèks mal kon

sa. Men kote l gen kondisyon je tou blanch li ak bagay, lè li gen sansasyon l yo ale pi lwen nèt ke sa nenpòt nonm te ka jamm fè.

298 M ap kanpe la a paske nou nan yon foul miks. M ap pran kèk mesye, m ap...na pale plis sou sa. Gen tout jounal yo ak bagay ki poze isi a menm, dwat nan men m kounye a menm, e m ta pral pote l pou nou maten an. M ta pral pran tout jounen an nan sa a, men m ap fenmen kounye a nan di sa.

299 Sa se pou legliz mwen sèlman. Pa legliz mwen... Ti twoupo ki kwè mwen epi swiv mwen, sa se pou yo.

300 Lòt jou an, kòm m konnen ke lè m di nou yon bagay, sa dwe vini ENSI DI LE SEYÈ, apresa m te gen Lèzekriti jan L te revele l ban mwen. Men: "Seyè Bondye, kisa m ka di asanble sa a? M ap gen separasyon. Nonm ap chita sou galri an epi sot nan lakou an, epi tout lòt kote: 'Èske m dwe kite l?' Fanm: 'Èske m dwe kite mari m?' 'Kisa m dwe fè?' M di: "Seyè, kisa m ka fè?"

301 Yon Bagay te di m: "Monte laba nan mòn lan, epi M ap pale avè w."

302 Epi pandan m te anwò an nan mòn lan, san m pa konnen ke anba nan Tucson yo tap wè Li. Men menm pwofesè yo te rele timoun yo sot...ti pitit fi m avè yo, sot nan sal deklas la, epi di: "Gade laba nan mòn lan! Gen yon Nyaj koulè jòn oranj fonse, tankou dife, kap monte anlè a epi tounen desann, ap monte anlè a epi tounen desann." Glwa pou Bondye.

303 Madam Evans, èske w isi a? Ronnie, ou isi a? M tounen desann pa estasyon an, jenn ti gason sa a pa estasyon sèvis la, estasyon sèvis Evans lan la a. Epi anvan m te konnen sa ti gason an ta pral di, li te pran m sou pye m, li di: "Frè Branham, ou te anwo an nan mòn sa a laba a, pa vre?"

304 M di: "Kisa w vle di, Ronnie? Non," ou wè, pou wè kisa l ta pral fè. Anpil fwa dè bagay rive, m pa, ou pa di moun yo sa. Li vin... Bagay la se ke, nou wè tèlman anpil bagay ap rive, li vin banal pou nou. Ou wè? M jis pa di moun yo. M di: "Ronnie, kisa ou te..."

305 Li di: "M ka montre w egzakteman kote w te ye a." Te di: "M te rele manman, epi nou te kanpe isi a epi n te gade Nyaj sa a ki pandye anwo an laba a, ap monte desann. M di: 'Sa dwe Frè Branham ki chita anwo an anndan la a on kote. Se Bondye kap pale avè I.'"

306 Epi tout vil la, moun, te gade Sa. Nan yon jounen klere san okenn nyaj okenn kote ditou, ak gwo Nyaj koulè jòn oranj fonse sa a pandye la a; ap desann tankou yon antonwa, epi a pral dèyè epi ap layite.

307 Zanmi, epi m ap fenmen, nou ka ale apati de sa a. Se te lè Sa tap revele ban mwen, sa m pral di nou kounye a menm, kidonk pa rate L.

308 Kounye a m ap pale ak moun kap swiv nou sèlman, kap swiv mwen ak Mesaj sa a sèlman, pa deyò a. Se pou nou temwen mwen de sa devan Bondye. Jis a gwoup sa a sèlman!

309 Kounye a yo jwenn nou nan gagòt sa a poutèt teyoloji mal entèprete. Èske se vre? Se pou sa noumenm fanm te marye dezyèm fwa an, epi noumenm gason, poutèt teyoloji ki mal entèprete. Kounye a m vle montre nou yon bagay ke L te di m.

310 E si Bondye, Kreyatè nou, yo te poze L kesyon an lè Li te isi a sou latè, Jezikri; ak lè pwofèt Li ki delivre te vini, Moyiz, desann nan Lejip, pou fè timoun yo sot nan—nan Lejip, pou mete yo nan tè pwomiz lan; e Jezi te di isi a a ke Moyiz te wè pèp lan nan kondisyon sa a, epi li te akòde yo yon lèt divòs, paske sitiyasyon an te sa l te ye a. Moyiz te jwenn sa, tankou: "Kite l soufri..." Bondye te pèmèt Moyiz, pwofèt sa a ki te voye bay pèp la, pou akòde lèt divòs sa a ba yo.

311 E nan En Korentyen, chapit 7 la—la, vèsè 12 la ak 15 lan, nan pwofèt Nouvo Testaman an, Pòl, ki te rankontre menm bagay la nan legliz la, epi te pale sa: "Se mwen, pa Seyè a." Se vre? Poutèt kondisyon divòs yo.

312 "Se pat konsa depi nan kòmansman an." Men yo pèmèt Moyiz sa, e Bondye te rekonèt li jis. E Pòl tou te gen dwa, lè li te jwenn legliz li nan kondisyon sa a.

313 Bon nou kwè Sa se vre, e n kwè L sot nan Bondye! E pa konfirmasyon de Nyaj Li ak Mesaj Li ki te mennen m lwen konsa, èske Bondye pa ta dwe pèmèt mwen sou mòn lan pou

m fè menm bagay la, pou soufri ke nou kontinye fason nou ye a, epi pa fè I ankò! Ale ak madanm nou epi viv an pè, paske lè a ta. Vini Seyè an toupre. Nou pa gen tan pou kase bagay sa yo. Piga nou oze eseye fè I ankò! M ap pale sèlman ak asanble mwen. Men si nou marye...E Bondye te temwen mwen de sa, sou mòn lan, ke m te ka di Sa, yon revelasyon sinatirèl, poutèt ouvèti Sèt So yo, e sa se yon kesyon nan Pawòl Bondye. "Kite yo kontinye jan yo ye a, epi pa peche ankò!"

314 "Se pat konsa depi nan kòmansman an." Se vre, se pat konsa, e sa pap konsa nan fen an. Men anba kondisyon modèn, kòm sèvitè Bondye...M pap rele tèt mwen pwofèt Li; men m kwè petèt, si yo pa ta voye m pou sa, m ap prepare yon teren pou li lè li vini. Kifè anba kondisyon modèn yo, mwen kòmande nou pou n al lakay nou, ak madanm nou kounye a. Si nou kontan avè I, viv avè I, leve pitit nou yo nan prensip Bondye. Men se pou Bondye gen mizèrikòd pou nou si nou janm fè sa ankò! Nou anseye timoun nou yo pou yo pa janm fè yon bagay kon sa, fè yo leve nan prensip Bondye an. E kounye a ke nou jan nou ye a, annou ale kounye a, nan lè ta aswè a ke n ap viv ladann lan, epi "pouse al nan direksyon mak apèl wo nan Kris la," kote tout bagay ap posib.

315 Jiskaske mwen wè nou aswè a, Seyè Bondye an beni nou, pandan nou priye.

316 Seyè Bondye, nou ba Ou remèsiman. Nou ba Ou louwanj. Ou se menm gran Jehovah ki te pèmèt Moyiz. Moyiz, sèvitè sa a, e kisa I tap di pèp li? E, Bondye, Ou pèmèt li bay yon lèt divòs. Pòl, gran apot ki te ekriven Nouvo Testaman an, menm jan Moyiz te ye pou Ansyen an. Moyiz te ekri Lwa yo ak yon dispansasyon pou lwa. Anpil nan pwofèt yo, pawòl yo te ekri nan Sa, men Moyiz te ekri Lwa yo. E Ou te soufri yon lèt pou li, pou ekri yon lèt divòs pou yo, poutèt kè yo te di.

317 Gran Sen Pòl, etan ekriven Nouvo Testaman an, te ka fè tou yon deklarasyon konsa, ke: "M pale anba kondisyon sa yo; mwen, pa Seyè a."

318 Se konsa I ye jodi a, Seyè Bondye, nan fen mond lan, kòm nou isi a anba mizèrikòd Bondye an, nou konnen ke byento nou dwe reponn nan Prezans Li. E ke Ou te fè tèlman anpil bagay, Seyè, mwen sèten, nan je moun sa yo, y ap akwoche sou Sa tankou L vin sot nan Ou. E pou yo temwen isi a jodi a, de anpil moun ki chita isi a ki te menm wè Siy sa a anwo nan

mòn lan, kote Anj Seyè yo te vini nan toubiyon an, kote sa te vini nan Sèt Anj yo, kote revelasyon Sèt Miztè yo te deplwaye; e menm Anj sa a, nan menm direksyon an, sou menm mòn lan, jou ke Sa te revele a!

319 Bondye, mwen priye ke moun yo a prale lakay etan rekonesan ke Bondye te akòde gras sa a ba yo. Mwen te sèlman pale Li, Seyè, atravè pèmisyon. E mwen sèlman di L atravè pèmisyon, Seyè. E kite moun yo tèlman rekonesan ke yo pap janm eseye fè peche sa a ankò! E ke yo pa janm eseye fè okenn peche, men ke yo renmen W ak tout kè yo. Seyè, fè fanmi sa yo kontan, epi ke yo grandi epi leve pitit yo nan prensip Bondye a.

320 Paske, Mesaj mwen ki te sou kè m delivre, Seyè. M te fè tout sa m konn kijan pou m fè. E Satan te konbat mwen pandan plizyè semèn, ak lè san dòmi. Men kounye a mwen kòmande L, Seyè, bay moun sa yo, ke yo etidye L, epi al viv pou Ou. Akòde I, Seyè. Li sot sou zepòl mwen kounye a. Yo nan men W. M priye ke W va beni yo.

321 Beni mouchwa sa yo, Seyè, ki te jis poze isi a, pou malad yo ak aflije yo. Ke nwit sa a se youn nan pi gran nwit pwisan yo, ke tout moun yo va geri. Akòde li, Seyè. Beni nou ansanm.

322 Ke nou ale an pè, kontan, ap rejwi, paske Bondye kreyasyon an te montre nou “depi nan kòmansman an,” epi te etann ba nou, nan gagòt nou ke nou ladann lan, gras Li ankò, nan dènye jou sa yo. O Gran Bondye Etènèl, ala nou remèsyé W pou sa! E ke kè nou yo tèlman kontan, ke nou pap janm gen yon lòt dezi pou peche kont Ou. Nan Non Jezi. Amèn.

Mwen renmen Li, (poukisa nou ta dwe renmen L?) Mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou Kalvè...

323 Mwen di I kounye a konsa minis yo ap konprann. Sa se pou sila yo ki swiv Mesaj sa a sèlman!

324 O, èske nou kontan? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] M te di nou Laverite, ENSI DI LE SEYÈ, tout nèt ale! [“Amèn.”]

325 Kounye a annou kanpe epi leve men nou, antan nou chante sa ankò: "Mwen renmen Li." Mwen renmen Li pou gras Li. Mwen renmen Li pou mizèrikòd Li. Mwen renmen Li pou Pawòl Li. "E Pawòl la se Seyè a ki te vin jwenn pwofèt yo!"

Mwen renmen Li.

326 Vini, Frè. Ou mèt ale.